ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№70 (24.040) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъэм (июным) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Іэтащхьэм унафэ ищІащ COVID-19 узыфэр зыпкърытхэу поликлиникэхэм зыщІмыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызэрыгэрагъэпэщымрэ а узыфэм зэрыпэщІэтымрэ теухуа Іуэхуэхэр зэкІэлъыгъакІуэ Оперативнэ штабым и зэІущІэр.

АБы зыщытепсэлъыхьыну яубзыхуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу и гугъу ящІащ щІыналъэм щыщыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм, узыншагъэр хъумэным епха Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІэм, COVID-19 узыфэр зыпкърытхэу поликлиникэхэм зыщызыгъэхъужхэр хущхъуэхэмкІэ къызэрэпэщыным.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ коронавирус уз зэрыщІалэм республикэм зэрызыщиубгъуи и гугъу ящІымэ, щытыкІэр иджыри узыгъэгузавэу зэрыщытыр. Узыр зэуэлахэм я бжыгъэр зэкІэ нэхъ мащІэ хъуркъым. Республикэм и Унафэщ Іыр едэІуащ къыхахьыжа Іуэхуэр зи нэІэ щІэтныр зи къалэнхэм щытыкІэм теухуауэ жалахэм.

КЪБР-м санитар дохутыр нэхъыщхьэу щыІэ Пагуэ Жырасльэн зэрыжиІамкІэ, мэкъуауэгъэм и 15-м ирихьэлІэу республикэм COVID-19 узыфэр щІыху 3975-м ялкърыту щатхащ, абыхэм ящыщу 1962-р хъужащ, щІыху 39-рэ узыфэм илЫыкІащ. Сымаджэщхэм щІэлъщ щІыху 1289-рэ, абыхэм ящыщу 55-м реанимацэм щІэтэз, ИВЛ аппаратхэмкІэ щІыху 22-рэ ягъэбауэ. Амбулаторэхэм щагъэхъуж сымаджэ 1176-рэ. Узыфэ зэрыщІалэр кьыззрежьэрэ тест ирагъэтащ щІыху мин 67-м щІигъуи, КТ-кэпщытэныгъэм щІыху мин 10-м щигъу пхьыкІащ.

КЪБР-м узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министр Къалэбатэ Рустам жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым ирихьэлІэу COVID-19 узыфэр зыпкърытхэм щыщІэзэз сымаджэщиблым гъуэлыпІэу 1583-рэ зэрыщІэтыр, абыхэм ящыщу 721-р сымаджэхэр кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэщащ. Иужьрей зэманым нэхъ тэмэму къалъытэ чэнджащэм тету, госпиталхэм щІагъэгъэуль щхьэусыгъуэхэр нэхъыбэ ящІащ. Иджы сымаджэщхэм ягъэгъуэль узыфэр нэхъ кьызэхьэлъэкІынкІэ хъуну къалъытэ гупым хэтхэмрэ зи ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуахэмрэ, я тхьэмбылым узыр зэран зэрыхуэхъуа процент бжыгъэм емылъытауэ.

Госпиталхэм щолажьэ дохутыр 257-рэ, медицинэ лэжьакІуэ курытрэ нэхъыщІэу 683-рэ. Аэр лжьаПІэ нэужьым санаторэхэмрэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм епха общежитхэмрэ щІэсщ.

Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипхъ иткІэ КЪБР-м узыншагъэр хъумэныжмкІэ и Іуэхущ Іапіэхэм къалэрыхьащ С классыкІ хьыхэ медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэ автомобилу хы. Апхуэдэ машинэу иджыри тху къаІэрыхьэнущ мыгувэу.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ амбулаторэхэми щыІэ хъуа гугъуехьыр зэратещІэр. Мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэну къигъэуваща COVID-19-р зыпкърытхэм унэхэм щеІэзэным. Абыхэм ящыщ псоми яхуэзфІэкІныкъым зэрызагъэхъужыну хущхъуэхэр къащІахуну.

Абы къыхэкІыжу, щыналъэм и Іэтащхьэм къалэну кьызэгурыІуащ КЪБР-м и республикэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 17 хуаутІыпщыну COVID-19 узыфэр зыпкърытхэу поликлиникэхэм зыщызыгъэхъужкэм коронавирус узыфэм пэлъэщыну къалъытэ хущхъуэхэр кьрыхуащэхуным трагъэкІуэдэну. А Іэмалыр сэбэп хъунущ сымаджэхэм якІэльыплъыныжмкІэ, апхуэдэуи узыфэр нэхъри мыетэныжмкІэ. КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм зыкъуфащэ Іуэхущ Іапіэхэм зэгурыІуэныгъэ ярищ Іыщащ хущхъуэ комплекту 1000 кьыхурагъэшэным теухуауэ, ахэр зэман гъунэгъум республикэм кьыІэрыхьэнущ. Иджыри апхуэдэ комплекту 1000 къащхуну я мурадщ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий кьихьащ илъэс дыззрыты и я ляэ мазитхум республикэм кьыщалъхуахэмрэ дунейм щекьыжахэмрэ ятеухуа бжыгъэхэр кьызыхэщ. Статистикэ зэрыгъэ, 2020 гъэм и щІыщылэ - накъыгъэ мазэхэм кьриубыдэу щыналъэм кьыщалъхуащ сабий 4120-рэ, ар 146-кІэ (процент 4-кІэ) нэхъыбэщ илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ. Абы кьыдэкІуэу, илэ ита илъэсхэм нэхъ мащІэ щыхъуащ щытащ КЪБР-ми къэралми кьыщалъхум я бжыгъэр. Дунеийм екьухэхэм я бжыгъэр а пІалъэ дыдэм кьрибыдэу щІыху 3023-рэ хъуащ, ар илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым ирихьэлІэу зэрыщытам нэхъри 252-кІэ (процент 8-кІэ) нэхъ мащІэщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм кьахохьэу сабийуэ кьыщалъхукмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт Іэнатіэм къыщахьа екъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлалу зэрыпалжьэмрэ папщІэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр етын***

**КІасэ Артур СуІэдин и къуэм** - «Налшык гъэзэгъэр ухуэным ирахьэлІэжэр къыщыщІагъэкІ и Іуэхущ Іапіэ» жэуап зэхэсщ Іыхьэхукіэ зыхь зэгугъэныгъэм и генеральнэ директорым

**Муртазов Борис Суфьян и къуэм** - Шэрдж муниципальнэ щыналъэм и щыІэ администрацэм и Іэтащхьэм

**Сокумыщ Арсен Ахьмэдэхан и къуэм** - «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым Тэрч щыналъэм щиІэ щыІэп къудамэм и гъэзэщІакІуэ секретарым;

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист»***

**ЦІэ лъапІэр фІэщын**

**Кривко Михаил Николай и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхэзгъэсыгъэм и депутатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ щынагъэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныжмкІэ и комитетым и унафэщІым

**Ташу Мухьэмэд Зутіэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщІым и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ**

**КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм мэкъуауэгъэм и 11-м*
*№64-УГ*

## Къэрал советым щытопсэлъыхь коронавирус узыфэщІэм земыгъэубгъуным хуэгъэза Іуэхухэм

**КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Москва къалэм и Іэтащхьэ Собянин Сергей коронавирусым пэщІэтыным теухуауэ Къэрал советым мэкъуауэгъэм и 11-м иригъэкІуэкІа селекторнэ зэІущІэм.**

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ мардэм тету абы и гугъу щащІащ Урысейм и щыналъэхэм COVID-19-м зэрыщІэзыубгъу щыкІэм, узыфэм зыщыхъумэным хуэунэтІауэ ягъэуваУэ щыта мардэхэр кьагъэтІэсхьэн папщІэ щыІэн хуей щытыкІэхэм, коронавирусым цІыхум и Іэпкълъэпкъыр зэрыпэщІэтыфыр кьащІэным ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ кьхуэтэныгъэхэм, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм яхущІыгъуным и Іуэхур зытетым.

ЗэІущІэм апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ школхэр гъэ еджэгъэущІэм зэрыхуагъэхьэзырым.

Къэрал советым коронавирус узыфэщІэм земыгъэубгъуным хуэгъэза Іуэхухэр зэкІэлъыгъакІуэ и лэжьакІуэ гупыр Урысейм и Президентым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ. Гупым и унафэщІыр Собянин Сергейщ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.***

## КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и Президиумым иригъэкІуэкІа зэІущІэм

**УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц мардэм тету иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и Президиумым и зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэхэм кьащІэпщІыт си чэзу кьалэнхэм, нэхъапэкІэ ящІыжу щыта Іуэхуэхэр зэрызэфІагъэкІым. Гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащІахэм ящыщщ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзэгъ шынагъэуэхэр» лъэпкъ проектыр щыналъэхэм зэрыщагъэзащІэр.

Къэралым кьыщыхалъхьауэ ягъэзащІэ программэ псори кьапщтэмэ, УФ-м и щыналъэхэм я экономикэм нэхъ зезыгъэужьхэм ящыщщ псэупІэ ухуэным екьэлІар, - жиІащ вице-премьерым. ЗэІущІэм хэтахэм зафэуигъэзащ щыхуэхэм я уней псэупІэхэр яухуэным хуэунэтІа Іуэхум гулъытэ хэха хуащІыну.

«ЦІыхуэхэм я уней псэупІэхэр щаухуэкІэ зыщІэдмыгъакъуэмэ, дэ лъэпкъ проектхэм кьыщыгъэува кьалэнхэр тхуэгъэзэщІэнукъым, абы кьыхэкІыу, щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм сыныволъэІу а унэтІныныгъэм дэІэпыкъуэгъу фыщыхъуну», - кьыхэкІуэщащ Хуснуллин Марат.

Апхуэдэуи зэІущІэм щыщэпкърахащ экономикэр дэІыгъныным хуэунэтІауэ яубзыхуэ Іуэхуэхэр пхыгъэкІыным.

«Дэ лэжьыгъэшхуэ едгъэкІуэкІащ ухуэныгъэ Іэнатіэм зыщІэдгъэкъуэныжмкІэ сэбэп хъуну Іуэхуэхэр уб зыхуныжмкІэ икІи иджы зыфхуэзгъэзэ абыхэм набдзэгубдаапІъуэ щыгъуазэ зыфщыну, ахэр гъэзащІэнмэ фыхуэхьэзыру фыщытыну. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэгъэсыгъэм и депутатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ щынагъэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныжмкІэ и комитетым и унафэщІым

**Ташу Мухьэмэд Зутіэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщІым и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ**

**КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм мэкъуауэгъэм и 11-м*
*№64-УГ*

## Лышх уз зыпкърытхэм щеІэзэну диспансерым и ухуэныгъэм щІадзэжынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ щыІащ лыших уз зыпкърытхэм щеІэзэн папщІэ Налшык къалэм къыщрагъэжьауэ щыта диспансерым и унэр щащІ щыІпІэм.**

А УНЭР ухуэныр къызэтрагъэувыІауэ щытащ 2013 гъэм. Апхуэдэу щытми, лыших узыр зыпкърытхэм щеІэзэну Іуэхущ Іапіэхэм республикэр хуабжу хуэныкъуащ. Аращи, а ухуэныгъэшхуэр и кІэм нэгъэсыныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу, къару псори абы екьэлІэн хуейуэ къиІультащ республикэм и Іэтащхьэм.

Апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэр щащІкІэ зытетын хуей ухуэныгъэ, медицинэ мардэхэм 2013 гъэ лъандэрэ хэпщІыкІыу захъуэжащ. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек пщэрыпІэ зэращищІам ипкъ иткІэ, республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хэхьыныжмкІэ и министерствэр я проектым хэпльэжащ икІи къэрал экспертизэм ягъэхьащ. Зэман гъунэгъум тхьилъэр къаІэрыхьэжыну поплъэ, абы ухуэныгъэм щІадзэжыныжмкІэ Іэмал къиІтынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм апхуэдэуи зригъэлъагъуащ КЪБР-м и Лъэпкъ музейм и унэм щекІуэкІ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу абы кьыщыщІэуахьнущ экспозицэщІэр.

## Къалэухуэ лэжьыгъэр махуэ къэс егъэфІэкІуэн

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету епсэльащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алимрэ республикэм и архитектор нэхъыщхьэ Унэжокъуэ Астемыррэ. Абыхэм я гугъу ящащ щыналъэм къалэухуэ лэжьыгъэр щегъэкІуэкІыным пыщІа Іуэхухэм.**

«А ІУЭХУМ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къыхьизогъащ. Сэ къызэрысльэтэмкІэ, къалэухуэ лэжьыгъэр тэмэму, псори зэпэльытауэ егъэкІуэкІыным дэ Іэмал кьыдитынущ, псом япэраеу, ди нэхъыжьхэм кьытхуагъэна республикэм, абы и кьалапщхьэ дахэм я теплъэр тхьымэну. Ар архитектурэ и лъэныкъуэкІэ екІуу яубзыхуа ухуэныгъэхэрщ, дэ тхьэмэну икІи кьэкІуэну щІэблэхэм кьахуэдгъэнэну ди кьалэн уэрамхэрщ», - къыхиІэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Апхуэдэуи абы жиІащ щыІэнэщІхэр кьагъэсбэбну щІэдзэнэм кьалэныщІэхэр, мардэщІэхэр кьызэригъэувынур икІи абыхэм сэбэпныгъэ кьадэкІуэнур зэпэлъытын зэрыхуейр. Ар увынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зезыгъэужь Іэмалхэм ящыщ зыуэ.

Республикэм и УнафэщІыр едэІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ухуэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ щІэІэ хэкІыпІэхэм ятеухуауэ министрым жиІаxэм.

Кьащтэмэ, абы къыхигъащащ республикэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и органхэм, кьалэ округхэмрэ муниципальнэ щыналъэхэмрэ я администрацэхэм кьалэухуэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, абы пыщІа кьалэнхэр зэрыхуэфэщэнкІэ кьыззэзыгъэпэщыфын Іэщ Іагъэлъ Іэхэр кьаззремэщІэкІыр. Ар наІуэ кьищащ КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэм. А ныкъусаныгъэр ягъэзэжкІуэжьн мурадкІэ, министерствэр яужь итщ а Іэнатіэм и Іэщ Іагъэлъ Іэхэм я щІэныгъэм кьэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щыхрагъэгъэхъэун папщІэ абыхэм ягъэкІуэным пыщІа Іуэхум. Апхуэдэу республикэм а Іэнатіэм ехьэлІауэ и законхэм егъэфІэкІуэным хуэгъэпсэ лэжьыгъи ирагъэкІуэкІыну я мурадщ.

Абы кьыдэкІуэу, КЪБР-м кьалэуэуэ лэжьыгъэр зэрыщІэкІуэкІым теухуа Щіыналъэ хьыбарегъащІэ системэ гъэпсауэ ар хэпщэн хуейщ. Абы и пьабжьэу щытынущ муниципальнэ зэгугъэныгъэ щыгъуэм а унэтІныныгъэм ехьэлІауэ яІэ дэфтэрэхэр зы щІыпІэм деж щыгъэхуэхэсауэ щытынщ. Абы кьызэщІиубыдэнущ щыналъэхэм щрагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм ехьэлІа дэфтэрэхэмрэ материалхэмрэ, апхуэдэуи ухуэныгъэр щызэфІэкІа е абы щыщІадзэну щыІыхьэжэр убзыхуныр. 2019 гъэм кьыщыщІэдзауэ КЪБР-м и ГИСОГД-м (Къалэухуэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІым теухуа къэрал хьыбарегъащІэ системэхэм) и модуль кьызэрыхьэжауэ икІи къыгъэсэбэпу щІидзащ.

Ухуэныгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зыщІ дэфтэр псори зы щІыпІэм екІуалІэрэ абы щхьэумэу щытыным Іэмал кьитынущ а Іэнатіэм теухуа хьыбархэр зэгъэІуІуауэ щытынмкІэ, къэзыпщІэ органхэм я мызакъуэу, ар зэхьэлІа псоми щыщагъэгъуэзэфын хуэдэу Іуэхур зэтеухуэнымкІэ икІи кьалэухуэ дэфтэрэхэм ехьэлІа щыуагъэхэр къэмыхьэнымкІи сэбэп хъунущ.

Іэнатіэм зегъэужьыным и кьыкІэльыкІуэ Іыхьэу щытынущ муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр кьыхуащІэным теухуа лъэІу тхьилъ псори электроннэ мардэм тету зэрызэІэпахьфынур. Абы папщІэ кьагъэщхьэпэ хъунущ ЕСИА системэр (Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр сайтым иІэр).

Нэгъуэщ Іэмалхэм ящыщу кьалэльэгъуащ щыІпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ органхэм кьалэухуэ лэжьыгъэм щаІэ зэфІэкІыр кьызэрапщытэ Іэмалхэри кьыхалъхьэныр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.***

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Мэкъуауэгъуэм и 16,** *гъубж*

**♦Адэм и махуэр щагъэлъапІэ дунейм и къэрал куэдым**

**♦Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъэу зи щхьэхуитыныгъэм щІэбэнхэр дэІыгъныным и дунейпсо махуэщ**

**♦Африкэм щыщ щабэм и дунеийпсо махуэщ**

**♦ЮАР-м щагъэлъапІэ ЩІалэгъуалэм я махуэр**

**♦1822 гъэм** Санкт-Петербург къыщыщІэуахащ циркым папщІэ яуха япэ унэр.

**♦1894 гъэм** Пьер де Кубертен и жэрдэмкІэ зэхуашэсащ Олимп джагуэр къэуплъэкъыным унафэ тещІыхьыным теухуа конгресс.

**♦1903 гъэм** Форд Генри США-м къыщызэригъэпэщащ «Форд Мотор» автомобиль компаниер.

**♦1903 гъэм** «Пепси-Кола» псы-Іэфым и сату маркэр ятхащ.

**♦1921 гъэм** ЛенинградкІэ АССР-р къыззрагъэпэщащ.

**♦1925 гъэм** тенджэныр ФІыцІэ Іуфэм, Гурзуф щыІпІэм дэж, къыщызэІуахащ «Артек» сабий лагерыр. Иужьк Іэ ар хъуащ Совет Союзым и пионерхэм я зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэ.

**♦1959 гъэм**, зэрагъэпэщыжащ, Москва къыщыззІуахьыжащ СССР-м и ВДНХ-р - цІыхубэ хозяйствэм и ехьэлІэныгъэхэр щагъэлъагъуэ унэр.

**♦1963 гъэм** дунейм щыяпэу цІыхубэ хьэрыфыпІ лъэтащ. Ар совет космонавт Терешкова Валентинэт - «Восток-6» кхъухьым ису хьэрыфым кІуат.

**♦1992 гъэм** Урысей Федерацэр Дунейпсо банкым хьыхащ.

**♦1995 гъэм** Дунейпсо олимп комитетым кьыхихащ 2002 гъэм щІымахуэ Олимп джэгуэр щагъэкІуэкІыну щІыпІэр. Апхуэдэ пщІэр Іуэрсаеуэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити къалэм.

**♦1996 гъэм** Урысейм президент хэхьныгъэхэр щекІуэкІащ, ауэ а махуэм зэхэкІатэкъым а къулыкъур нэхъ зыхуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екІуэкІа етІуанэ Іыхьэм щызэпэщІэтащ Ельцин Борисрэ Зюганов Геннадийрэ. Іэ зыІэта псоми я процент 50-м щІигъуи я дзыхь ирагъэзэри, Урысейм и Президенту хахащ Ельцин Борис.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и Лыхьужь, Югославиемрэ Болгариемрэ я Лыхьужь, «ТеклІуанигъэ» орденыр зрата **Толбухин Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІу, Правительствэм и Унафэщ Іым и яп я кьуэдзэу, финансэмкІэ министру щыта, нэгъуэщІ кьулыкъухэми гъэрыта, 2011 гъэм кьызэІуахьауэ «Роснано» ОАО-м и унафэщІ **Чубайс Анатолий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьэнущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 17,** *бзаджэй*

**♦ЩІыр игъущ ыкІыныжмрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьищта унафэм икІ иткІэ ягъэлъапІэ 1995 гъэм къыщыщІэдзауэ.

**♦Армениемрэ щагъэлъапІэ Авиацэм и махуэр**

**♦Румыниемрэ и лъэпкъ авиацэм и махуэщ**

**♦Исландие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

**♦1565 гъэм** Идар Темркъуэ и кьуэ Мамстрыкъу Москва кІуащ.

**♦1885 гъэм** Нью-Йорк къуэкІэ нэсащ США-р зэрыгушхуэ фэеплъ нэхъ гъэщІэгъуэнэм ящыщ, а къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэ Хуитынгъэм и статуер. Ар америкэ революцэр илъэсищ щрикъум франджызэм а къэралым тыгъэ хуащІауэ щытащ.

**♦1930 гъэм** япэ трактор ныкъыщыщІэкІащ Сталинград дэт заводым.

**♦1940 гъэм** Горьковскэ областым хьыхь Мещеры кьуажэм «дыжьын уэшх» къыщешхат. XVI - XVII лІэщІыгъуэхэм зекІуэ дыжьын ахъшэ жьгъей миным нэбгырабжь къыщыщІэрбоссат.

**♦1940 гъэм** советыдзэхэр Латвиемрэ Эстониемрэ ирашащ.

**♦1941 гъэм** Германием Іэщ Іэ зэщІэуэзда и дзэхэм я унафащІ нэхъыщхьэм унафэ ищІащ Мэкъуауэгъэм и 22-м и пщэджьыным «Барборосса» планыр гъэзэщІэным яужь ихьну.

**♦1955 гъэм** япэу уэгум ихьащ цІыхухэр къызэрыращэкІ Ту-104 кхъухьлъатэ лъэщыр.

**♦1961 гъэм** Налшык экранымбгъуэ зиІэ «Восток» кинотеатырыр къыщызэІуахащ.

**♦1967 гъэм** Китайм щагъэунэхуащ лпэ водородпэ бомбэр.

♦Совет усакІуэ, драматург, Лениным и щІыхькІэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр зрата **Светлов Михаил** (и унэцІэ дыдэр **Шейнкман**) къызэралъхурэ илъэс 117-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Петросян Тигран** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Мысырым щыщ дипломат, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Нобель и саугъэтыр зрата **Мухьэммэд эль-Барадей** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист. «Кабардинка» ансамблым и къфакІуэу щыта **КІэш Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІэшхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

## Хьэ мыбанэ унэгъэунэхъущ.

## Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр

**УФ-м и Президентым и пщэрылъкІэ, 2020 гъэм и пэщІэдзэм къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Краснодар щІыналъэм, Дон Іуфэ Іус Ростов къалэм дыщедэІуащ УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм теухуауэ цІыхухэм хэлъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэр ящІ. Ар Іуэхуэ зыщІэлъ Іуэхуэ Іуэрыуэгъуэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ къэрал, муниципальнэ унафэхэм я къарур зэхуэдэ ищІу аращ. Къыщыхэмыщ Іауэ, Президентым къыжьехьэ федеральнэ хабзэхъуэм Іэнатіэхэм я унафэщІхэр щыхахкІэ, япэщІыкІэ Федерацэмкіэ Советым ечэнджащ зэрыхуейр. Ар Іэмалыф хуэхъунущ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэІуха хъуным, унафэщІхэм я къалэнхэр жэуаплныныгъэ нэхъыбэ пылъу ягъэзэщІэным.**

**«Къыпкъу лъагэ зыІыгъэр къэралитІым и цІыхуу щытыну зэрыхуимытыр абыхэм я унагъуэхэм исхэми ехьэлІауэ щытын хуэмейуэ пІэрэ? Арынщамэ, Урысейм щылэжьарэ и къалэнхэр щхьэщаха нэужь, хамэ хэрал щыпсэу и Іыхьлыхэм я деж ар кІуэжьыфкъ?» - апхуэдэ упщІэ кьиІэтащ Адыгейм Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ Іэкіэ зэщІэуэзда къаруухэмрэ хабзэхъуэм Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я жылагъуэ зэгугъэныгъэм и унафэщІ Къуаджэ Асльэн. Абы и Іуэху елтІыкІэр нэгъэщІэхэми даІыгъыгъ.**

**Жылагъуэ лэжьакІуэхэм къалэтащ куэд щІауэ зытегузэвыкІ Іуэхуэхэр. Псалъэм папщІэ, «Урысей сабий фонд» Іуэхущ Іапіэм и щІыналъэ къудамэм и унафащІ Гоголевэ Татьянэ жиІащ школхэм класс унафэщІхэм я къалэнхэр егъэджакІуэ-психологхэм я пщэ дэлъхьэныр нэхъ къызэрезэгъэпэщыр. «Егъэджакіуэ-психологым дерэ иригъэкІуэкІын хуейуэ щыткъыми, зэман нэхъыбэ иІэщ, дэтхэнэ еджакІуэми гулъытэ хуищІыфынущ», - къыхигъэщащ абы.**

**Кьапщтэмэ, къызэхуэсахэм къыхагъэщащ Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІныгъэхэм куэд щІауэ дыззрыхуэныкъуэр.**

**Конституцэм епха зэхъуэкІныгъэхэм щытепсэлъыхьащ Кубань къэзакъ хорым и Концерт пэшым (Краснодар къалэ). ЦІыху 500-м щІигъу зыхэта зэхуэсым къыщыпсэлъащ Урысейпсо къэзакъ зэгугъэныгъэм и нэхъыщхьэ, Конституцэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэныжмкІэ лэжьакІуэ гупым хэт Долуда Николай. Ар тепсэлъыхьащ жылагъуэ щытІэхэр хуэмынэмрэ язым я къэзакъ милицэ якъэзрагъэпэщыжмкІэ муниципалитетхэм хуитныгъэ зэрыратынум. Къэпсэлъахэм псоми кьыхэзащІащ зэхъуэкІныгъэхэр зэрыдаІыгъыр.**

**Кьищынэмыщ Іауэ, Краснодар щІыналъэм и муниципальнэ район псори хэту видеоконференц едгъэкІуэкІащ. Абы хэтащ, псалъэм папщІэ, Кубань къэрал университетым и щІэныгъэлІэу Хьэгъуэ Темыр, Потапенко Сергей сымэ.**

**Дон Іуфэ Іус Ростов къалэм щекІуэкІа едэІуэныгъэхэм гулъытэ зыщІыхьащІар социальнэ ІуэхуэхэмкІэ къэралым ихь къалэнхэрщ - МРОТ-р цІыхур ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм нэхъ мынэхъ мащІэу зэрыщытыпхъэр, пенсэр индексацэ зэрыщІыпхъэр. Абы хэтащ урысейпсо цІыхубэ фронтым и ЛыкІуэхэр, волонтёрхэмрэ щІыналъэм и къэлъыхуакІуэ гупхэм хэтхэмрэ.**

**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм щедгъэкІуэкІа едэІуэныгъэхэм хэтащ КЪШР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Абаззалий Ларисэ, щыналъэм и жылагъуэ, дин Іуэхущ Іапіэхэм я лЫкІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Абы щыжиІаІри къэлъытауэ дызэлэжьыпхъэхэр дубзыхуащ.**

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**,
*УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ щІэныгъэ щІэныгъэ Советым, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэныжмкІэ лэжьакІуэ гупым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

## Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

● Дифl догъэлъапlэ

# «Дыщэ унэ»

*Ар и фlэщыгъэу Интернетым щылажэ тыкуэн цlыкlум дахагъэу щlэлъым нэр топщlыпщlэ, гур егъэхъуапсэ. Адыгэ фащэр (цlыхухъухэм ейри цlыхубзхэм ейри) зэрагъэдахэ псори, апхуэдэуи тхьэгъу, Іэпльм, щlыпу, лэрыпс. Іэпщэхъу тельыджхэр, сыхьэт, узытхъэжъ нэгъэщlу лъэпщlым гъэщlэгъуэн куэдым уащрохьалlэ абы. Мы Іэрыкlэхэм ахэр зи Іэдакъэ къыщlэкlар зыпэрыт Іуэхур къыззрехъулlэм и закъуэкъым гурыlуэгъуэ ящlыр, атlэ езым и хъэтl зэриlэжыр, гумызагъэу и Іэнатlэм зэрыпэрытри нэрылъагъущ.*

*Дыщэкl Іэщlагъэм бзылъхугъэхэр зэрыхуеджэр димыщlэщыгъуэми, абы нэсу хуэlэжкъ хъуфыр зырызщ. Апхуэдэхэм уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу яхьубжэ хъунущ сурэтыщl, дыщэкl, декоративно-прикладной гъуазджэм и лэжьакlэу Доткъул Еленэ. Ар бахъсэн кьалэм щыщщ, щеджари абы дэт курыт еджапlэ №21-рад. Гъуазджэхэмкlэ институтыр къиуха иужькlэ ар зэман гурэкlэ гъуазджэхэмкlэ школым егъэджакlуэу щылэжьащ, пэш щхьэхуэ иlэу уней хьэрычэтыщlуэи щытащ.*

*Еленэ Интернетым щиlэ «Дыщэ унэ» тыкуэным цlыху миниплlым щIигъу и хьащlэщ (Іэ щlадзауэ, абы иlъхэр щlапlыкl). Ар нэхъ гъунэгъуэ зэзгъэщlыхуэ иужькlэ сэ къызгурыlуащ абы, и Іэдакъэщlэкlхэмк хуэдэу, дуней еплъыкlэ дахэ, гупсысэ зэщlа зэриlэр икlи къыджиlаэмкlэ да гуапэу дыздогъашэ.*

**- Еленэ, дауи, си апэ упщlэр уи Іэщlагъэр къызэрыхэпхам хуэгъэзащ. Дауэт абы уэзридихьэхар?**

- Еплlанэ классым сыщlэсу си анэм художествэхэмкlэ школым сриташ. Абдежым тхьипхэм, лъэпкъ дамыгъэхэм сыдахьэхьу хуежьащ. Хэдыкlым, цы зэlущэным, дэным я Іэмалхэм еджапlэм нэIуасэ дыщыхуащащ. Абы щыдагъэлъагъу псоми ящыщу си гум кьищтэр декоративно-прикладной гъуазджэрат икlи Іэщlагъэ схуэхьунур къызгурыlуащ. А лъэхъэнэм дзыхь сщlыу сытегушхуами, иджы фlыуэ къызгурыоlуэ гум жиlэм уедалуэмэ, уззрыщlымыунэр. Пэжщ, шэч хэмылъу, дыщэкl сыхьунэу сэ абдеж сегупсысакъым, ауэ сиlэну унэтlныгъэр хьэкът. Си анэр дэрбэзэрти (адыгэ фащэхэр ед), абы ещхьу сыдэнут е дыщэкl сыхьунут. Іэщlагъэмтlри ззэгъэгъуэта иужькlэщ нэхъ къызэхъулlэр къыщызгурыlуэр.

**- Уэзыгъэджкъэм, гъуэгугъэлъагъуэ пхуэхъуаэм я гуГъу уззгъэщlынут.**

- Гъуазджэхэмкlэ институтым декоративно-прикладной гъуазджэхэмкlэм и къудамэр къззухащ. Гъущlыкlэр художественнэ жыпlэхэм игъуэнэрат си унэтlныгъэр. Гъущlэкl лъапlэхэм елэжьыным сыхуеэсыгъэджар Пэкъун Заурщ. Куэдым яцlыху абырэ и адэ Сэлимрэ - ахэр Іэщlэ щlыныкlэ Іэзэ дыдэхэщ. Гъущlым сызэрелэжьыну Іэмалхэм, зэрыгъэпызгъэзыну щlыкlэхэм Заур сригъэсащ. Брай Ратмир тхьипхъэ щlыным, абы хэлъ щэхухэм, филиграньтехникэм сыхуиГъэсащ.

**- Уэзрылажьэ техникэм хэлъ щхьэхуэшlэн къыджепlамэ арат.**

- Сэ сызэрылажьэр скань, филиграньр - лlэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокlыж: хъар, тегъэвва, къыпепlиикl, нэгъуэщlхэри. Сэ псом щыщи сощ, ауэ нэхъ сфlэфlыр хъарырщ.

Пщlыр щхьэпэ щхьэпэ, лэжьыгъэр къыщыбгурыlуэр Іэм зыгуэр ищlэу, и пэм къыщыщlэдзауэ и кlэм нэс Іэпэщу зыгуэр щыпщlырщ. Ещанэ курсым сыщlэсу, Іэмэпсымэхэр сІыгъыу лэжьэн щlэздза иужькlэщ сызэрыхъунур къыщlэкl зэрахьэри, ари сыщlэгушхуэ Іэхъущ. Уеблэмэ, ди къэралым и Іуэрыдж ЩIэкlэ цIэрыIуэр, УФ-м и цIыхубэ артисткъ Пугачёвэ Аллэ и ныбжьэгъу бзылъхугъэм си Іэдакъэщlэкlхэм ящlыщ къищхъуащ. Адыгейм щlыхь зиlэ и артист Нэкlасэ Жанеликэ адыгэ бгырыпх хуэсщlащ. Къэрал къулыкъущlэ бзылъхугъэхэми яхэтщ си деж къакlуэхэр. Ермэлыхэми, урысхэми, нэгъуэщl лъэпкъхэм ящыщхэри щощхуэз си «Дыщэ унэм». Псоми езым я псэм пэгъунэгъу гуэр къыщагъуэт.

**- Ленэ, мы зэманкlэ уи Іэщlагъэм урипсэуфыну?**

- Урипсэуфынущ, дауи! Сэ сызэрылажьэ техникэм къэзыщlэгъэн куэд ирипхуэщlынущ. Апхуэдэхэм я щlэупщlэ ящlыр. Псоми езым я псэм пэгъунэгъу гуэр къыщагъуэт.

**- Ленэ, ми зэманкlэ уи Іэщlагъэм урипсэуфыну?**

- Урипсэуфынущ, дауи! Сэ сызэрылажьэ техникэм къэзыщlэгъэн куэд ирипхуэщlынущ. Апхуэдэхэм я щlэупщlэ ящlыр. Псоми езым я псэм пэгъунэгъу гуэр къыщагъуэт.

**- Лъжьыгъэ Іуэхукlэ зэи узытемыкlыну гуэр уиlэ?**

- СиІэщ. Зэи зыми и лэжьыгъэ, и гупсысэ къэздгъгъунукъым. Ар сфlэзикlагъащ. Сэ езым хуабжьу си жагъэ хъуат бгырыпхэр бгъэгъуlуплъэ сагъэщlу, Китаим яшэу къытращlыкlыурэ зэрызэбграгъэкlар. Ар, ялэрэуэ, къэзыгупсысар сэрат, етlуанэрауэ, хьэпшыпым и фlагъыр къэдкlэ нэхъ мыкъэнэнщэ ящlат.

Абы къыщынэмыщlауэ, хьэпшыпыр къызыхэсщlыкl гъущlэкlыр фlыуэ фlэкlа къэсщlэнукъым. Цlыхум хуэзфlэмыкlынкlэ зэрыхъунури къызгроlуэ, ауэ си лэжьакlэм и уасэр згъэмащlэу, щlэмэ нэхъ къэсщlэнущ, Іэхъэпшыпым и фlагъым сеlпlэскlу нэхъ?.

**- Уи Іэщlагъэр сыт уи дежкlэ?**

- Щэч хэмылъу, гупсэхуэгъуэ къыззэщlщ. Лъжьыгъэм къэзгъэщlыну мыльку-ракъым сэркlэ нэхъыщхьэр, атlэ си Іэзагъым хэзгъэхуэныщ, сщlам цlыху щыщ-гъэгуфlыкlыныщ. Ахъшэр Іэщlагъэм ящlэ щибгъэщlам дэк а Іэщlагъэм уепщlыжкъэ къэплъытэ хъунущ.

**- Уи хуэузсапlэхэм нэIуасэ дахуэпщlамэ арат.**

- Зэман нэхъыбэ сиlэну сохъуапсэ! Абы нэхърэ нэхъ лъапlи нэхъ гъэтыгъуеи щlыIэу къыщlэкlынкlынущ. Гупсысэ Іэдакъэ сиlэщ гъэжьат. Уеблэмэ, си нысашэфащэм кlэрыпlар а бгъэгулъхэращ!

**- Уи Іэдакъэщlэкlхэр дэнэ щыбгъэлъагъуэрэ?**

- Мы зэманкlэ сабий сопlри сыдэсщи, си лэжьыгъэхэр утыку исхьэныи Іэмал сиlэжьыи, ауэ нэхъ иткlэ Іэгъэлъэгъэнъэхэм куэду сыхэту щытащ. Интернетращ гъэлъэгъуапlэ нэхъыщхьэу сиlэр. Зэкlэ уэнэм сыщолажьэ. Зыгуэр пщlыуэ уесамэ, пхуэщэчыркъым, итlанэ, Іэр умыгъэлажьэмэ, зыкъэІэзэр щыгъупщlажьэкlэ зыхуэІуа щыІэкъым. Лжьыгъэ гугъуэхэр, зэманышхуэ зытекlуэдэнуэр ящlыр. Іэмэпсымэхэр сІыгъыу лэжьэн щlэздза иужькlэщ си сыщlэкl сызэрыхъунур къыщlэкlыуэплъ. Апхуэдэуи хьэкъ сщlэхъущ щlыхэр и хьуэпсапlэм хуэпэжрэ абы хуущlэкъуэмэ, къызэрехъулlэнур. Филиграньм Іэмалымкlэ гъущl кlапэ щlыкlуэзр зырызыхэху къэбгъэпlупрэ зэпыбгъэзэн хуейщ. Лжьыгъэр тыншыкъым ящlыщхьым, ауэ фlыуэ пльагъумэ, удекъэх.

**- Ленэ, уи Іэдакъэщlэкlхэм ящlыщ нэхъ лжьыгъэшхуэ е нэхъ къохъулIауэ сыт хуэдэра къэпльытэр?**

- Еплlанэ курсым сыщlэсу пlащlэу, хьар защlэу бгъэгуlуlъ гуэр къэзгупсыси, сщlауэ щытащ. Ди егъэджакlуэр лжьыгъэр къыззмыхъулlэнкlэ шынэрт, пlащlэlуэт къэсщта гъущl Іуданэхэр. Ауэ сигу ислъхьам сытекlуну си мурадтэкъым, гъущlыр сфlыззэписыкlым, щlэрыщlэу тезгъэвэжурэ, сщlат. Ар зэи схуэмыщlэну си лэжьыгъэм ящlыщ, сеплъыку сигъэгуфlэу унэм щlэпlащ.

Диплом лэжьыгъэу сщlам нэхърэ нэхъ тыншу, псынщlэу къызэхъулIа сиlэу си фlэщ хъуркъым. Пщыхьщlэхьэм сыхьэтихьм щlэздзэри, жэщым сыхьэтищ хъуукlэ си нэбдзыпlэ къемыхыу бзылъхугъэфащэм и бгъэгулъхьэр щlэрыпlар а бгъэгулъхэращ!

**- Уи Іэдакъэщlэкlхэр дэнэ щыбгъэлъагъуэрэ?**

- Мы зэманкlэ сабий сопlри сыдэсщи, си лэжьыгъэхэр утыку исхьэныи Іэмал сиlэжьыи, ауэ нэхъ иткlэ Іэгъэлъэгъэнъэхэм куэду сыхэту щытащ. Интернетращ гъэлъэгъуапlэ нэхъыщхьэу сиlэр. Зэкlэ уэнэм сыщолажьэ. Зыгуэр пщlыуэ уесамэ, пхуэщэчыркъым, итlанэ, Іэр умыгъэлажьэмэ, зыкъэІэзэр щыгъупщlажьэкlэ зыхуэІуа щыІэкъым. Лжьыгъэ гугъуэхэр, зэманышхуэ зытекlуэдэнуэр ящlыр. Іэмэпсымэхэр сІыгъыу лэжьэн щlэздза иужькlэщ си сыщlэкl сызэрыхъунур къыщlэкlыуэплъ. Апхуэдэуи хьэкъ сщlэхъущ щlыхэр и хьуэпсапlэм хуэпэжрэ абы хуущlэкъуэмэ, къызэрехъулlэнур. Филиграньм Іэмалымкlэ гъущl кlапэ щlыкlуэзр зырызыхэху къэбгъэпlупрэ зэпыбгъэзэн хуейщ. Лжьыгъэр тыншыкъым ящlыщхьым, ауэ фlыуэ пльагъумэ, удекъэх.

**- Ленэ, уи Іэдакъэщlэкlхэм ящlыщ нэхъ лжьыгъэшхуэ е нэхъ къохъулIауэ сыт хуэдэра къэпльытэр?**

- Еплlанэ курсым сыщlэсу пlащlэу, хьар защlэу бгъэгуlуlъ гуэр къэзгупсыси, сщlауэ щытащ. Ди егъэджакlуэр лжьыгъэр къыззмыхъулlэнкlэ шынэрт, пlащlэlуэт къэсщта гъущl Іуданэхэр. Ауэ сигу ислъхьам сытекlуну си мурадтэкъым, гъущlыр сфlыззэписыкlым, щlэрыщlэу тезгъэвэжурэ, сщlат. Ар зэи схуэмыщlэну си лэжьыгъэм ящlыщ, сеплъыку сигъэгуфlэу унэм щlэпlащ.

Уеблэмэ, си нысашэфащэм кlэрыпlар а бгъэгулъхэращ! Іэщlагъэ схуэхьунур къыззгурыlуащ. А лъэхъэнэм дзыхь сщlыу сытегушхуами, иджы фlыуэ къызгурыоlуэ гум жиlэм уедалуэмэ, ззэрыщlымыунэр. Пэжщ, шэч хэмылъу, дыщэкl сыхьунэу сэ абдеж сегупсысакъым, ауэ сиlэну унэтlныгъэр хьэкът. Си анэр дэрбэзэрти (адыгэ фащэхэр ед), абы ещхьу сыдэнут е дыщэкl сыхьунут. Іэщlагъэмтlри ззэгъэгъуэта иужькlэщ нэхъ къызэхъулlэр къыщlэкlыуэплъ.

**- Уэзыгъэджкъэм, гъуэгуГъэлъагъуэ пхуэхъуаэм я гуГъу уззгъэщlынут.**

- Гъуазджэхэмкlэ институтым декоративно-прикладной гъуазджэхэмкlэм и къудамэр къззухащ. Гъущlыкlэр художественнэ жыпlэхэм игъуэнэрат си унэтlныгъэр. Гъущlэкl лъапlэхэм елэжьыным сыхуеэсыгъэджар Пэкъун Заурщ. Куэдым яцlыху абырэ и адэ Сэлимрэ - ахэр Іэщlэ щlыныкlэ Іэзэ дыдэхэщ. Гъущlым сызэрелэжьыну Іэмалхэм, зэрызэпызгъэзыну щlыкlэхэм Заур сригъэсащ. Брай Ратмир тхьипхъэ щlыным, абы хэлъ щэхухэм, филиграньтехникэм сыхуиГъэсащ.

**- Уэзрылажьэ техникэм хэлъ щхьэхуэшlэн къыджепlамэ арат.**

- Сэ сызэрылажьэр скань, филиграньр - лlэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокlыж: хъар, тегъэвва, къыпепlиикl, нэгъуэщlхэри. Сэ псом щыщи сощ, ауэ нэхъ сфlэфlыр хъарырщ.

Пщlыр щхьэпэ щхьэпэ, лэжьыгъэр къыщыбгурыlуэр Іэм зыгуэр ищlэу, и пэм къыщыщlэдзауэ и кlэм нэс Іэпэщу зыгуэр щыпщlырщ. Ещанэ курсым сыщlэсу, Іэмэпсымэхэр сІыгъыу лэжьэн щlэздза иужькlэщ си сыщlэкl сызэрыхъунур къыщlэкl зэрахьэри, ари сыщlэгушхуэ Іэхъущ. Уеблэмэ, ди къэралым и Іуэрыдж, УФ-м и цIыхубэ артисткъ Пугачёвэ Аллэ и ныбжьэгъу бзылъхугъэм си Іэдакъэщlэкlхэм ящlыщ къищхъуащ. Адыгейм щlыхь зиlэ и артист Нэкlасэ Жанеликэ адыгэ бгырыпх хуэсщlащ. Къэрал къулыкъущlэ бзылъхугъэхэми яхэтщ си деж къакlуэхэр. Ермэлыхэми, урысхэми, нэгъуэщl лъэпкъхэм ящlыщхэри щощхуэз си «Дыщэ унэм». Псоми езым я псэм пэгъунэгъу гуэр къыщагъуэт.

**- Ленэ, ми зэманкlэ уи Іэщlагъэм урипсэуфыну?**

- Урипсэуфынущ, дауи! Сэ сызэрылажьэ техникэм къэзыщlэгъэн куэд ирипхуэщlынущ. Апхуэдэхэм я щlэупщlэ ящlыр. Псоми езым я псэм пэгъунэгъу гуэр къыщагъуэт.

**- Лъжьыгъэ Іуэхукlэ зэи узытемыкlыну гуэр уиlэ?**

- СиІэщ. Зэи зыми и лэжьыгъэ, и гупсысэ къэздгъгъунукъым. Ар сфlэзикlагъащ. Сэ езым хуабжьу си жагъэ хъуат бгырыпхэр бгъэгулъхэрэ сагъэщlу, Китаим яшэу къытращlыкlыурэ зэрызэбграгъэкlар. Ар, ялэрэуэ, къэзыгупсысар сэрат, етlуанэрауэ, хьэпшыпым и фlагъыр къэдкlэ нэхъ мыкъэнэнщэ ящlат.

Абы къыщынэмыщlауэ, хьэпшыпыр къызыхэсщlыкl гъущlэкlыр фlыуэ фlэкlа къэсщlэнукъым. Цlыхум хуэзфlэмыкlынкlэ зэрыхъунури къызгроlуэ, ауэ си лэжьакlэм и уасэр згъэмащlэу, щlэмэ нэхъ къэсщlэнущ, Іэхъэпшыпым и фlагъым сеlпlэскlу нэхъ?.

**- Уи Іэщlагъэр сыт уи дежкlэ?**

- Щэч хэмылъу, гупсэхуэгъуэ къыззэщlщ. Лжьыгъэм къэзгъэщlыну мыльку-ракъым сэркlэ нэхъыщхьэр, атlэ си Іэзагъым хэзгъэхуэныщ, сщlам цlыху щыщ-гъэгуфlыкlыныщ. Ахъшэр Іэщlагъэм ящlэ щибгъэщlам дэк а Іэщlагъэм уепщlыжкъэ къэплъытэ хъунущ.

**- Уи хуэузсапlэхэм нэIуасэ дахуэпщlамэ арат.**

- Зэман нэхъыбэ сиlэну сохъуапсэ! Абы нэхърэ нэхъ лъапlи нэхъ гъэтыгъуеи щlыIэу къыщlэкlынкlынущ. Гупсысэ Іэдакъэ сиlэщ гъэжьат. Уеблэмэ, си нысашэфащэм кlэрыпlар а бгъэгулъхэращ! Іэщlагъэ схуэхьунур къыщlэкlыуэплъ. Апхуэдэуи хьэкъ сщlэхъущ щlыхэр и хьуэпсапlэм хуэпэжрэ абы хуущlэкъуэмэ, къызэрехъулlэнур. Филиграньм Іэмалымкlэ гъущl кlапэ щlыкlуэзр зырызыхэху къэбгъэпlупрэ зэпыбгъэзэн хуейщ. Лжьыгъэр тыншыкъым ящlыщхьым, ауэ фlыуэ пльагъумэ, удекъэх.

**- Ленэ, уи Іэдакъэщlэкlхэм ящlыщ нэхъ лжьыгъэшхуэ е нэхъ къохъулIауэ сыт хуэдэра къэпльытэр?**

- Еплlанэ курсым сыщlэсу пlащlэу, хьар защlэу бгъэгуlуlъ гуэр къэзгупсыси, сщlауэ щытащ. Ди егъэджакlуэр лжьыгъэр къыззмыхъулlэнкlэ шынэрт, пlащlэlуэт къэсщта гъущl Іуданэхэр. Ауэ сигу ислъхьам сытекlуну си мурадтэкъым, гъущlыр сфlыззэписыкlым, щlэрыщlэу тезгъэвэжурэ, сщlат. Ар зэи схуэмыщlэну си лэжьыгъэм ящlыщ, сеплъыку сигъэгуфlэу унэм щlэпlащ.

Диплом лэжьыгъэу сщlам нэхърэ нэхъ тыншу, псынщlэу къызэхъулIа сиlэу си фlэщ хъуркъым. Пщыхьщlэхьэм сыхьэтихьм щlэздзэри, жэщым сыхьэтищ хъуукlэ си нэбдзыпlэ къемыхыу бзылъхугъэфащэм и бгъэгулъхьэр щlэрыпlар а бгъэгулъхэращ! Іэщlагъэ схуэхьунур къыщlэкlыуэплъ.

Ехуэнэ курсым сыщlэсу «Хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэм папщlэ» фlэщlыгъэм щlэт программэ къыхалъхьам иткlэ зэгъэхьэзыра проектым грант къыхуагъэфащауэ щытащ. Ар хуабжьу сэбэп схуэхъуат си Іуэхур езгъэжьэнымкlэ, Іэмэпсымэ къэсщэхунымкlэ. Сыщlохьэпс а программэр иджыри къарагъэжьэныр, сэ схуэдэ куэдым къахуэщъхьэпэнут ар.

**- Ди зэпсэлъэныгъэм зыбжанэрэ уи унагъуэм я гуГъу щыщlащи, сыхуейт ахэр дыбгъэщlыхуну.**

- Си адэ Доткъул Тlэхьир автомашинэхэр ещlыж, гъущlыкlэм иролажьэ, лэжьыгъэр сызыщlэпсэнкlэ щlэн Іэмэпсымэ куэд схуищlауэ сиlэщ. Илъэс куэд щlауэ абыхэм ящlыщ къызогъэсэбэп. Си анэ Маринэ дэрбэзэрщ, адыгэ фащэ ед.

*Еленэ езыми унатъуэ дахэ иlуащ. Абыхэ и щхьэгъэщэ Шыбзыхъуэ Исльамрэ дыгъэ хуэдэу щlалитl ялэщ, зэгурыlуэрэ зэдэзыжу мэпсэу.*

*«Дыщэ унэм» иджыри зэ зыщlэспlъхьыжа иужь, щхьэхуимыту Еленэ и Іэщlагъэм сеlъуэпсащ. Ныбжьыщlэ дапщэм я насып зэпащlа абы и Іэрыкlэхэмкlэ я фащэр гъэдэхауэ, гуфlэгъуэ дапщэм я гур къигуфlыкlыу щызыкlэралъхьа абы и хьэпшыпхэр?! Іуапагъэ дапщэ ящlигъуэшфа абы щыхуэхэм?! Іэм и хуабагъэр, псэм и дахагъэр хэлъу Еленэ ищl хьэпшыпхэмкlэ щыхуям ящlигурыфlыгъуэм хуэдиз езыми егъэт, абы щыгуфыкlыхэр, ирипагъу зезыхьэхэр щиlъагъукlэ. Ефlэкlуэну, зиужьыну ди гуапэ!*

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● ТекIуэныгъэ-75

# Нанэ и щэху

## (Къэхъуа хъыбар)

ТХЬЭШХУЭМ си гум къэкlар къысхуищlэну гузавэм ещхьу, дакъикъи дэкlагъэнтэкъым бзылъхугъитlыр сэ сызыщlэс купем и бжэщхьэlум къыщыстеувам. «Фы-къебгъагъ, фыкъыщlыхьэ», - жыlэри, сыгуфlэу сакъыхэтэджащ. Езыхэми сэлам къызахащ, я хъуржынхэр ягъэтlылъри, «уэху» жаlэу етlысэхащ. Бзылъхугъитlыр апхуэдизкlэ зэщхьти, зэрызэзанэзэпхъуэм шэч хэлътэкъым. Анэр и тепльэкlэ илъэс 60 гуэрт зэрыхъур, и пхъур зи дахэгъэ пщащэ зэкlуэт. Мафlэгур екъэри, дэри нэIуасэ зызэхэтщlащ. Анэм и Іэр Хьанийт, и пхъум и цIэр Цацэт. Сэ жысIащ Москва дэс си пхъум сригъэблэгъауэ, Текlуэныгъэ Иным и щlыхькlэ парадышхуэм сеплъыну сызэрыкlуэр. Езыхэми къызжаIащ Москва щlэкlуэ щхьэусыгъуэр. «А парадышхуэм кърагъэблэгъауэ ди ныбжьэгъуфlыщlынущ, ГДР-м хьэкlынурэ. Абы дыIущlэну докIуэ», - жиIащ Цацэ. Пэжыр жыIэнумэ, ятращlыкlэ къызэгурыlуакъым къуажэдэс бзылъхугъитlымрэ Германием щыщ цIыхухъумрэ я зэпыщlэныгъэм, мыбы нэс икIыу гъэзгу жыжьэм техьэным щхьэусыгъуэ хуэхъун хуеяр. ИкIи си гупсысэр къыгъэ щlэунущ яжеСIащ. «Абы и щхьэусыгъуэр хъыбар кIыхьщ», - жиIащ Цацэ. Сэри абы и жэуапу зыщlыпlи дызэрыкlыпlащlэр къыхэзгъэщlи, хьунунэ, хьыбарым сыщlагъэгъэзэну сайлъэIащ.

- Утемыязэшэнумэ, къздаIуэ, атIэ, - жери Цацэ хъыбарыр къригъэжьащ. - Мыр къыщlыхъуар зауэ илъэсхэращ. Нэхъри тегъэчыныхьауэ жыпlэмэ, Кавказым и щыдагъэ щlэлъыпlэхэр зыIэрагъэхьэныр хуэнэгуейуэ фашистхэр Кавказ щхьэдэхьапlэхэмкlэ щызэрыкlыу щытаращ. Къыщlыхъуар адыгэ къуажэщ. Гушхуэ, гу щабэ зы-кIуэцIыпlэ, гущlэгъныгъэ гъунэмщэ зыхэлъа си анэшхуэращ хъыбарыр зытеухуар.

«Нанэ» псалъэ щабэращ псори дызэреджэу щытари, апхуэдэу къзэгъэнэжыну сыхуейщ, и цIи къэзмыIуэу.

Нанэ и щхьэгъусэр пасэу дунейм ехьжат, si къуэрэ зыпхъэрэ къыщlэнэри. Аданшэу къыхуэна и бынхэр зыми зэрыхуимыгъэныкъуэным пылъу, еш имыщlэу Нанэ жэщи махуи колхоз губгъуэм итащ. И къуэр балигъ хъури, дзэм ираджауэ, кулькlым щыIэу Хэку зауэшхэр кьежьащ. Фронтым зэрыщар гурыIуэгъуэт, ауэ дэнэ щызаIуэуи, псэууи, хэкIуэдауи - унагъуэм зыри хащlыкlыртэкъым. Зауэр кlыщlэзрежьэрэ ильэситlым зэрынэхъэсами, и къуэм и зы тlыгъуэ кlапlэ анэм къыIэрыхьатэкъым. Нанэрэ илъэс 15 ирикъуа и пхъумрэ я зауэ псэурт. А пхъур мис мы сщlыгъуращ, си анэращ. Зауэр зэриурэр илъэс куэди дэкlыжауэщ иджы бжеСIэжыну хъыбарыр сэри къыщысщlар, - жери Цацэ, щабэу и анэм зриушэкlащ. Адэкlи и хъыбарым пищащ.

- ЗэрыжысIауэ, Кавказ щхьэдэхьапlэхэр я унэтIыпlэу, ди сэлэт икIуэтхэм я лъэмбым ипкIэу, фашистхэр Кавказым кьебгъэрыкIуэрт. Si махуэ гуэрым, пщыхьщхьэпэ хъуауэ, сэлэт гуп къуэкъым блэкIыу, сэлэтитlкъуэвIэрэ, Нанэ кьыжраIащ бийр кIэщlу я ужьым иту къызэрыкIуэр, зэхуэу гуащlэхэр зэрыщlэнри, зыщlыпlэ зыщlахьмэмэ зэрыньхъыфlыр. Атlэ, си анэшхуэм и унэр къуажэ гъунэм щытти, блэкIри, блэжри зыхуэзэр арат, фашистхэр къэсми япэу хагъэщlынут.

Нанэ зы дакъикъи егупсысакъым унэм щlэкlыу зыщlыпlэ кIуэну. «Хэт ищlэрэ, сэлэт икIуэтхэм яхэту си щlалэр къыхьухьжмэ, дызэрыпlагъунщ», - шынэ имыщlэу, анэм и щхьэм щызеуэр а зы гупсысэрат. Апхуэдэуи и пхъумрэ езымрэ ужым къыщlэнащ.

Жэщ енми, махуэри пидзжу, фочауэ, топауэ макъыр зэпыуакъым. Пэшым щlэт тэпчан гъуэлъыпlэм и щlагъым щlэгъуэлъхьажэ зэаназэзэпхъуэр абы щlэлът, Тхьэ елъэIуу. Махуэри жэщри кIуэри, нэхулъэ къищlауэ, ихьуреягъыр щым дыдэ къэхуащ. Ауэ зэанэзэпхъуэр шынэрт я зыгъэпщкIупIэм къыщlэкIыну, иджыри я фlэщ хъуртэкъым зэхэуэр ихуауэ, езыхэри я унэри псэууэ къызэтенауэ.

Абы хэту бжэм къепlэстхъэр къытеуIуэрэ къыбгурымIуэну макъ гуэр къэIуащ. «Си щlалэр уIэгъэ хъуауэ къысхуэжIуэжащи аращ!» - жиIэурэ Нанэ тэпчан щlагъым къыщlэпщри бжэмкIэ зидзащ. И Іэхэр мэкIэзызыри бжэр хуIуныжыркъым, мэгуIэ. «Иджыпсту, си щlалэ дыщэ, иджыпсту Іузохыр, гугъу узогъэх мыгъуэ», - жиIэурэ мэIуащlэ. Сыгъми, зыгуэру игъэхъарури Іуихащ. БжэщхьэIум зы сэлэт тельт, зигъэхьейртэкъым. Мо зи къуэм ежьэ, къэд щlауэ зымыльэгъуэ анэм къыззэрыщlихьуар хэт ищlэн, ауэ сэлэтыр и къуэр зэрырарам зэкъуэмылъхьэу зытриIубащ. «Си щlалэ нэху, си щlалэ дыщэ, укъысхуэкIуэжащ», - жиIэурэ сэлэт щlыпlым и дамэм и щхьэр трилъхьауэ, Іэ дентэ. Абы хэту и пхъур кIыбгъэдыхьэри, къэскIащ. «Нанэ, мыр нэмыцэ сэлэтщ, пщlэр сыт?!» - жери къэкIиящ. Абдежым Нанэ зыкъыщlэжщ, и щхьэр кIыIэтри, зытеубгъуэ сэлэтым Іуплъащ. И къуэрэтэхъым ар! И пащхьэм илъыр илъэс 18 - 19 нэхъыбэ зи мыныбжьым нэмыцэ сэлэтт. Абы и джабэ ижьым иIэ уIэгъэм лъыр къижьрт, езыр лIа хъэзырти, мыхьейуэ, сэхуэм хуэдэу и фэр пыкIауэ щlыпlт. Ящlэнур ямыщlэу, Іэнкун ХуауэI зэанэзэпхъуэр заулрэ сэлэтым щхьэщытащ. Нанэ япэ зыкъыщlэжри, и пхъум жриащ: «Мыри сэр хуэдэу гуIэ ана гуэрым и сабийщ. Деплъурэ дауэрэ дгъэлIэну?! Ар схуэщlэнукъым. КъытщlыгуГъыу ди унэм къыщlещlыIакIэ, Алыхьышхуэм и гъэунэхуныгъэу къыщlэкIынщ ар. Унэм щlэдгъэхьи, бжэр быдэу гъэбыда».

Нанэ здзыпс зэхигъэвахэмкIэ сэлэтым и уIэгъэр зэпилъэщlыхьащ, хущхъуэпсэм иригъафащ. И пхъуантэм щэкI хужь къыдихри, уIэгъэр быдэу ипхащ. «УIэгъэр куукъым, ауэ пхы щlэкIащ. Зыкъищlэжмэ, здыхуейм кIуэнщ», - жиIащ анэм.

Нанэрэ Хьанийрэ сэлэтым щхьэщыст, зыкъищlэжу и нэр къыщlэзтрихыну дакъикъэм щlышынэу ежьэу. Хэт ищlэрэ ар къаззрыхущlэкIынур, къиукIэу ежьэжынкIи мэхъу, бийщ, дауэ хъуми. Si сыкъэтхэфI текIауэ, сэлэтыр къащlэIуащ. Къэтэджыну хуэжьа щхьэкIэ, зэхмыгъэкъарууэ укIуриижащ.

Фочауэ, топауэ макъэр кьуажэм щхьэщыкIащ, адда жьыжьэ къэIурт. Зэхэмызэ машинэ закъуэтIакъуэ гуэрхэр блэжырт, нэмыцэ сэлэтхэр ису. Ауэ зыри къэувыIащ. Нанэрэ Хьанийрэ къагурыIуащ нэмыцэ сэлэтыр къаззрыхуинэпар. Ящlэнур ящlэркъым, мэгузавэ. Дыдейхэм, къуажэдэсхэм къащlэмэ, нэмыцэ сэлэтым зэрелэзам фIы къахуихьынутэкъым. Нанэ и напэм къыхуегъэкIуртэкъым и къуажэсгъэкIэ, зэрыкъэралу зыпэщlэт бийм дэIэпыкъуэгъу зэрыкъуэхъар... А псоми бзылъхугъэм псэхугъуэ къратыртэкъым. Нэгъуэщl Іэныкъуэкlэ, цIыхугъэшхуэ, адыгагъэ, тхьэмыщlкIагъэ ихуам щlэгъэкъуэн хуэхъун лъэпкъ хьэлщэнкIэ кIыхьэзбэкI Нанэ и зы гупсысэ псом ящхьэж фlэхъурт. «Мо сабий ныкъуэпlар, уIэгъэм къарууншэ ищlар, дауэрэ щlэсхуну, лIапlэ зэригъэувэнкIэ сщlэуэ?» - жиIэри гуIэрт. «Зэрыхъуу хъунущ. Ауэ зыми зыри жетIэнкъым, кьедгъэщlэнкъым», - жери Нанэ и пхъум еущlащ.

Тэпчан щlагъыр щlышlыпlэ зыхуащlа сэлэтыр махуэкIэ абы щlэлът, зэкъуэ уэн жыхафэгур ерагъыуэрэ къыззхикIухьырт, жэщ хъумэ, пщlантIэм къыщlэкIыкIыр. Сэлэтым и цIэр къажриащ: Курт. Езыхэми я цIэхэр зригъэщlащ. Іэпэтэрмэшу тIэкIу нэхъ зэгурыIуэ хъуащ. Курт и бгъэкIыпlм иIэбэри сурэт кьрихащ. Абы итт и анэмрэ и шыпхъу нэхъыщlэ цIыкIумрэ. КъагуригъэIуащ зэуэну зэрыхуэмейр, фlыщlэ къаззрыхуищlыр. ТхьэмахуитI нэхърэ нэхъыбэкIэ нэмыцэ сэлэтыр Нанэрэ Хьанийрэ я унэм къадащlэсащ. Махуэ гуэрым нэмыцэ сэлэт изу ису машинитI я куэбжэм пэмыжьжьэу къэувыIащ. Нанэрэ Хьанийрэ шынаэ, жауэ щыIт. «Мис иджы дыкъэсыжьыпащ», - ягупсысащ Нанэ. Курт маШинэхэр къыщlильэгъум, щlэкIри ябгъэдыкъащ. ЗыгуэркIэ зэкIаIэ нэужь, къигъэззэкри, псынщlэу и хьэпшыпхэр зэщlикъуэжащ. Абы нэхъыбэ зимыIэжьэжу, зэанэзэпхъум быдэу Іэплlэ къахуищlыкIри ежьэжащ, Хьанийт тхьипхъмпlэ кIаIэ гуэр къыщlэкIащ...

Хэку зауэшхуэр ихуащ. Фашистхэри къэралым ирахужащ, ауэ Нанэ и кIуэ зэкъуэм я къигъэзжакъым. И къуэр хъыбарыншэу зэрыкIуэдар зэрыт тхьипхъмпlэ тIэкIурщ анэм къыIэрыхьэжар. Арами, ар зэрыпсэуи и фlэщlыгъэ тIэкIурщ анэм къыIэрыхьэжар. Арами, ар зэрыхъуар сыбгъэдыхьащ. Ауэ Хьанийрэ Цацэрэт си пльапlэр. Ахэр мафlэгум къыззребакъуэу, зи ныбжьыр хэкIуэта зы цIыхухъу зэкIуэ зэрыщlэсу, ди ны

# МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

*(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68-хэм итщ).*

- Аращ-тІэ, хьэщІэ, - дыхьэшхырт Болэт, - ауэ жэщыр апхуэдизуи эхІуэтакъым, иреуэршэр иджыри щІалэхэр. Ззэауэ нэхърэ, зэдзэрэшэрмэ нэхъыфІщ.

- Уэлэхъэ, пэжмэ, - Ашабэр куууэ щатэри: - ДимыІуэхум зедгъэхьуэрэ ди гъащІэр макІуэ, зиусхьан. ИпэжыпІэкІэ, сыт щыІэнт нысашэ дауэдапщэм нэхъ рэ нэхъ Іуэху дахэ!

ЛитІыр тэлайкІэ щыму щыса нэужь, Миншакъ адэкІэ зимыбзыщІу, кІэмыргуеипщым Іуплъэри:

- Зиусхьэн, емыкІу сыкъыуимыщІынымэ... Махуэ енкІэ сегупсысащ Іэлиг ГъэтІапщэм уи Іэфракlэр а кІыгзэрыщІэпчам. Сытыт ар?

- Ар, Ашабэ, нэгъуей пэщэм и хъуцацэ кІэуэшншэр адэкІэ си псэм зэрытемыхуэжырщ.

- Абыхэм дзыхь ихуэпщІу щытмэ, уи щхьэм къыфІэтІысхьэнущ, зиусхьэн.

- КъызгуроІуэ сэ ар. Тепщэгъуэрэ къулыкъу тІкІыгъэ щхьэхуитыжу нэгъуейкэрщ апхуэдэуэрэ зызыщІ хабзэр. Мыдрей цІыку къызэрыгуэкІэр мамыру къыддогъуэгурыкІэу: жумартхэщ, гу якІуэцІыльщ, ди хабзэм пщІэ къыхуащІ.

Къалъхуэхэм я атэлыкъыу* ящхьэщыуэр дэрауэ щыщыткІэ, шэч хэлъкъым а зи гугъу пщІыхэм я щэныр къызэдикІам...

... БэлэтокъуэпщІыр Миншакъ нэхулъэфкІэ екъуэхъурт, ихьщІэщым щІекІыжат. Ашабэри щІалэхэм япэмыплъэу гъэупІыжа щхьэкІэ, жейм езэгъэтэкъым. «Дауи, Бэлэтокъуэм нэхъыбэ ядещІэ а нэгъуейхэм. Апхуэдэу щытрэ пэт, езым си упщІэм эхуэдэ тэрэз къримыту сыкъызыпигъэкІмэ нэхъ къищтащ, - мэгупсысэ Миншакъ. - Сыту пІэрэ-тІэ щІибзыщІыр? Ярэби, кІэмыргуеипщым напитІ иІэу жьзыІэхэр захуэу пІэрэт-тІэ?! Абрэдж Мырзэбэчэ Батыр ефэндымрэ запэщІисэ хуэдэуи дызолъагъэу мы пщым, арщхьэкІэ, шэч уагъэшІу, зыгуэрхэр щыми трагъэщІэж. Ярэби, зы Іуэхуу пІэрэ а щыми зэрахьэр-тІэ? ИтІанэ гурыІуэгъуэкъым Даур и Іуэхур. Хьэуэ! Дауи сигу екъэІыхуа апхуэдэ?! ТІэкІу дэкІмэ, си щхьэ дыдэ гурыщхьэ есщІэкІыу сыхъунущ!»

Ашабэм инхъэ зыІэщІэлъыщхуэр жьыхуу зыдридзейуэ къиІэтри, къызэфІэтІысхьащ: «А псом я пэжыпІэр зыщІэр ЦІыпІынэ Хьэсанащ. Гъунэгъу жьлэм къыщытпоплъэ ари».

... ЩІалэхэр сакъыу лъапэцІийуэ къыщыщІыхьэжьым Миншакъ къэпсалъэри:

- Сыжейркъым. Зэ фыкъекІуэлІэжамэ, ари Іейкъым. - Нэкъаррэ Іэта-Ильясрэ зоплъыжь, Ашабэми: - ФыгъэлъизывгъапсэжУ. Щэращ нэужьым гъэзэгу дытехьэжынущ. Ефэндым жилатэкъэ, гъэзэгуанэ тетхэм зыщІ фарзыр щхьэщахьу?

- Пэжщ ар, - къопсалъэ Іэта-Ильяс, - сымаджэхэми гъэзэгу тетхэми къатехуэркъым нэщІ.

- Зы пэж гуэр ззэзмызэ жаІэми ягъэ кІынкъым. Фэ щІалэхэм, фимыгугъэ нэщІым апхуэдэу фысфІэкІынкъым. Щэращ дощІри, гъэзэгу дытохьэж. Мэрем, ЦІыпІынэ Хьэсанир хьыбар ебгъэщІа дыщІхуэзэну щІыпІэм теухуаду?

- Даур деж Мэрем еблэгъащ, - къопсалъэ Нэкъар.

- Апхуэдэ ящІэрэ?! - кІыхьокІиикІ Ашабэр.

- ЯщІащ апхуэдэу. Даур къытхугурыгъэІуакъым ар зэрымыхабзэр, - мэгъумэтІыкІэ Іэта-Ильяс.

- Зи бысым зыхъуэжьым иращІэр фщІэркъэ?

- НтІэ. Зи бысым зыхъуэжьым чыцІыхъу хуаукІ, - мэдыхэщх нэгъуейр.

- ЧыцІыхъури мащІэщ абы и деж кІэ. Мыдэ, бажэхъу хуаукІыну хуэфащэщ абы, ари бажэжьыхъуу, - мэшхьдэ Ашабэр.

ЩэращІ нэужьым кІэмыргуеипщым и пщІантІэм щыізэхьыхьащ хьэщІэхэр езыгъэжьэж унэрысхэр. БзыльхъуГъэхэр зэрытІысхьэну гулэгъунэри абыхэм я шугъуэх щІалэхэри хьэзыру зэжэтт. ЛъэныкъуэкІэ ІукІуэтауэ щыуэрэшэрт Болэтрэ Ашабэмрэ. Псори зыпэплъэр Болэтокъуэхэ я ятпхъу пажэ Къудасрэ абы и нысэ, Бэлэтокъуэ гуащэ Лашынрэт. Сурэтрэ Налмэсрэ а пщыгуащэхэм къыщыщІашынум пэплъэрт гупыр. БэлэтокъуэпщІыр укІытапэуэр:

- Бзыльхъугъэжам дызыпагъаплъэ, - щыжиІэм, Ашабэр пщІыкІри:

- Бзыльхъугъэщ ахэр. Дэнэ щыІпІэ щыІмыІами, бзыльхъугъэщ...

Абы хэту гуащэжьэ къыщІэкІащ, Сурэтрэ Налмэсрэ ящІыгъуу. Бзыльхъугъэжм къыкІэпхуащІ саугъэтхэр (щэкІ, фэиІъхьэгъуэ щІыкІуфІэкІу дахэ Іэджж) зыдэлъ пхъуантэшхуэр. Андемыркъан бейгуэлыр япэ къищри:

- Фыщэпылыкуэри, гуащэхэр блэвгъэкІ, - щыжиІэм, щІалэхэм лъэныкъуэ зрагъэщащ.

Щугъуэсэ гупыр зи ужь ит гулэгъунэ есыр иджы Къэбэрдей гъэзу техьэрт.

## XXII

ХьАИД махуищыр псынщІэу икІат. МыпІащІэурэ Бахъсэн псыхъуэ Іуту кІуэрт къэбэрдей пщы уэлийр. Банальэ Іувымрэ жыгыщІэ цІырхъ цІыкІуэмрэ яуфэбгъуа Афэбг и нэпкъэр пщым мамыру къызэхиплъыхьырт. Мис мыращ гъэмахуэм и ІутІыжыр! ЩІым хуабэкІэ зигъэнщІри, щхьэнатІагъэкІэ зызэщІиуфэжауэ мэбдауэ.

Джэдмышх лъапэ зыщІэзыукъуэдия мэкъупІэ задзэкъм уцу дэкІырт ХьэтІохъущокъуэпщІым и шыр. Дыжьын Іэпслъэпсхэр ззэджнэ жьгъейуэ зэрызэщІэжьыуэм екІупсу ышщхьэр дыщІиупскІэрт. Кургъуокъуэ мащІэу зигъэщхъуэу уанэгум ист. Бгы нэпкъэр нэрыгъуэзэкІэ къызэхиплъхьми, пщым и гупсысэ кІапэр жьжьэ дыдэ Іуку ІэсхьакІат. Кърымым къыкІ хъыбархэр щІэгъуэлэтэжьым. ЗыкІи нэхъыфІтэкъым КІэмыргуеим иджы дыдэ къыхуарахащи.

Шэч зыхэмылъыхрахащи, зауэщ... Іэмал гуэр щыІэу къыщІэкІынкъым адыгэжьм а зауэм къызэрыпакІуэхьи. Псалъэ гуапэм лІыгъэнсэр еуэзщІри, цІыху гупсысэхэр нэхъыфІым хуегъэуш. Ди адзэкъэм къытхуагъэна щІым Іуэхур иджы нэсащи, е хамэ зэрыпхъуакІуэм ар худэтчыхьи, е, адыгэ щІыхьыр ди гъуаззу, щІыр адэкІэ къытщІэхъэнуэхэм яхуэтхъумэн. Аращ, ХьэтІохъущокъуэ! А гупсысэр іэпкъым дэж нэпхъэсыну иджы уи къалэнщ».

... Пэшым аргуэру къыщІыхьэжащ Нэрэнэз гуащэр. Зи ныбжькІэ мыщІалэж а бзыпхъугъэр иджыри зэрыдахэт. И плІэр задэу иІыгъуу, гуащэм къихьырт хьэлыуэ хуабэрэ фоупс фалъэрэ зытет Іэнэр.

- Уи щхьэкІэ Іэнэр къыхсуфохьри... зыгуэр зыдзбгъэІэпІыкъуркъэ, дахэ? - поГуфІыкІ Кургъуокъуэ.

- Пщы уэлиигъэр хьэхуу, гуащэ, - гушыІэ щІыкІэу мэдыхьэшх ХьэтІохъущокъуэр.

- СэркІэ ар пІалъэншэщ. Сыпсэууэ дунейм сыщыІэху, сэркІэ уэ зыращ си пщы уэлийр.

- Тхъэм и нэфІ къыпщІыхэ, - гуащэм и жьІэр гуапэ зэрыщыхъуар хэІущІыну имыщІу, и пащІэкІэ щІогуфыкІ пщыр: - Уи ерыскъыр Іэфщ.

КуэбжьмкІэ ЗыщІыпІ макъ къыщІиукІым, Кургъуокъуэ маплъэри:

- Зэхуос хасэри, - жиІэурэ щхьэгъуэбжэм бгъэдохьэ.

ПщІантІэм къыдыхьэрт ЦІыпІынэ Хьэсанщрэ Ашабэ Миншакърэ. Абыхэм я ужь ити къакІуэхэрт Елэн, Къэбард, Мэрем. НэгъуэщІ шухэри абыхэм къакІэпхыІуэрт. ЩІэкІыжьыну тэджа гуащэм зыхуиГъазэурэ пщым:

- Сигу хупех Джэрыджэ Мэрем. Кърымым къришьжа и пщащэр щхьэгъуэсэу кІышэну и нэ кІиКІми, я хьэгъуэлІыгъуэр иджыри благъэкъым... Налмэс и адэ-анэм яхуощІыгъуэ.

- Ара мыгъуэщ, Кургъуокъуэ, - нэщхьейуэ кІыпедзыж Нэрынэ гуащэм. - Налмэс Алыхьым и фІыщІэкІэ узынщэ цІыкІуу кІиГъэззэкат, къзгъаззэ зимыІэнур и адэ-анэ тхьэмыщкІэрщ. Сурэт и насып нэхъ гъунэгъущ: Нэкъаррэ абыхэм я хьэгъуэлІыгъуэр дяпэкІэ къобгъагъэ.

- Алыхьым абыхэми я гъуэгу къахуэзпищэ, дэри Алыхьым дыкъыихуэмэ.

ХьэщІэхэр пщІантІэм къыщыпэплъэрэ пэт, пщым и пэшым гуащэм зыщІиІэжьэну къеззгъыртэкъым. ЛІы Іуэхум зэрызэмыІэбзэр псоми хьэкъыу яригъэлъагъуу, Нэрынэ пІащІэу пэшым щІокІыжь.

Гуащэм и шыпхъэр къуэкІэр бжэбгъыпкъым щхьэщыщхьэгъуэрыпхъэфыжьым пщыр дыпыгуфыкІыІуэрэ кІэпъоплъри: «Сыт хуэдэ къару кърымхэм къыптамыгъэувами, датемыкІуэу хьунукъым!»

ХьэщІэхэр иджы зэпымыууэ къекІуалІэрт. ШыфІэдзапІэхэм шыхэр нэхъри щІыбт. ПщІантІэшхуэм дзэт лІы уэрщэрыр. ХьэтІохъущокъуэр зэхьщІэхэм яхьхьэну ПІащІэртэкъым: зэрыреспалъэ, я гупсысэхэр иреуэзщ, хасэр къзэІутхыу абыхэм зэжраІэнуэхэми мыхьэнэ щхьэпэ хэлъщ...

Къэунымэ-бжьыныжьэм пщІантІэшхуэм щхьэщытт. Лэгъупхэр изт. Лыбжьэр дяпэкІэ хьэзырынт.

И жьакІэ папщІэ цІыкІур зэщІэлъэщІапэуэ Къэсей ефэндыри къэсащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, дыжьын баш цІыкІум зытригъаІэуРэ, ефэндыр пщы уэлийм деж, и унэжьым ещхьу, щІыхьэри:

- Алыхьым и фІыщІэкІэ, зиусхьан, Бахъсэн хасэр зэхьхьащ. Жэмыхьэтыр къыппоплъэ.

... Пщы уэлийр къащцыхьхьэм, хасэм къекІуэлІахэр къэтэджащ. ХьэтІохъущокъуэмри, щхьэгъэщхъ мащІэкІэ псоми фІэхъус ярихри, и тІысыпІэмкІэ дыхьащ. ЦІыхуэхэр зэрызэгъащ, щхьэжь зэдэщысыр къызэкиплъыхьа нэужь:

- КъедгъэблэгъэнА псори кърихьэлІауэ пІэрэ?

Сэбанш бейгуэлым жери:

- Шурдым Жанхъуэт Къущхьэхъуклэ Уафэбгыкъу ІэхъупІэм щыІэщ. Къеврыгъэ гуапэм ЛІыгъэнсэр еуэзщІри, цІыху гупсысэхэр нэхъыфІым хуегъэуш. Ди адзэкъэм къытхуагъэна щІым Іуэхур иджы нэсащи, е хамэ зэрыпхъуакІуэм ар худэтчыхьи, е, адыгэ щІыхьыр ди гъуаззу, щІыр адэкІэ къытщІэхъэнуэхэм яхуэтхъумэн. Аращ, ХьэтІохъущокъуэ! А гупсысэр іэпкъым дэж нэпхъэсыну иджы уи къалэнщ».

... Пэшым аргуэру къыщІыхьэжащ Нэрынэ гуащэр. Зи ныбжькІэ мыщІалэж а бзыпхъугъэр иджыри зэрыдахэт. И плІэр задэу иІыгъуу, гуащэм къихьырт хьэлыуэ хуабэрэ фоупс фалъэрэ зытет Іэнэр.

- Уи щхьэкІэ Іэнэр къыхсуфохьри... зыгуэр зыдзбгъэІэпІыкъуркъэ, дахэ? - поГуфІыкІ Кургъуокъуэ.

- Пщы уэлиигъэр хьэхуу, гуащэ, - гушыІэ щІыкІэу мэдыхьэшх ХьэтІохъущокъуэр.

- СэркІэ ар пІалъэншэщ. Сыпсэууэ дунейм сыщыІэху, сэркІэ уэ зыращ си пщы уэлийр.

- Тхъэм и нэфІ къыпщІыхэ, - гуащэм и жьІэр гуапэ зэрыщыхьуар хэІущІыну имыщІу, и пащІэкІэ щІогуфыкІ пщыр: - Уи ерыскъыр Іэфщ.

КуэбжьмкІэ ЗыщІыпІ макъ къыщІиукІым, Кургъуокъуэ маплъэри:

- Зэхуос хасэри, - жиІэурэ щхьэгъуэбжэм бгъэдохьэ.

ПщІантІэм къыдыхьэрт ЦІыпІынэ Хьэсанщрэ Ашабэ Миншакърэ. Абыхэм я ужь ити къакІуэхэрт Елэн, Къэбард, Мэрем. НэгъуэщІ шухэри абыхэм къакІэпхыІуэрт. ЩІэкІыжьыну тэджа гуащэм зыхуиГъазэурэ пщым:

- Сигу хупех Джэрыджэ Мэрем. Кърымым къришьжа и пщащэр щхьэгъуэсэу кІышэну и нэ кІиКІми, я хьэгъуэлІыгъуэр иджыри благъэкъым... Налмэс и адэ-анэм яхуощІыгъуэ.

- Ара мыгъуэщ, Кургъуокъуэ, - нэщхьейуэ кІыпедзыж Нэрынэ гуащэм. - Налмэс Алыхьым и фІыщІэкІэ узынщэ цІыкІуу кІиГъэззэкат, къзгъаззэ зимыІэнур и адэ-анэ тхьэмыщкІэрщ. Сурэт и насып нэхъ гъунэгъущ: Нэкъаррэ абыхэм я хьэгъуэлІыгъуэр дяпэкІэ къобгъагъэ.

- Алыхьым абыхэми я гъуэгу къахуэзпищэ, дэри Алыхьым дыкъыихуэмэ.

ХьэщІэхэр пщІантІэм къыщыплъэрэ пэт, пщым и пэшым гуащэм зыщІиІэжьэну къеззгъыртэкъым. ЛІы Іуэхум зэрызэмыІэбзэр псоми хьэкъыу яригъэлъагъуу, Нэрынэ пІащІэу пэшым щІокІыжь.

Гуащэм и шыпхъэр къуэкІэр бжэбгъыпкъым щхьэщыщхьэгъуэрыпхъэфыжьым пщыр дыпыгуфыкІыІуэрэ кІэпъоплъри: «Сыт хуэдэ къару кърымхэм къыптамыгъэувами, датемыкІуэу хьунукъым!»

ХьэщІэхэр иджы зэпымыууэ къекІуалІэрт. ШыфІэдзапІэхэм шыхэр нэхъри щІыбт. ПщІантІэшхуэм дзэт лІы уэрщэрыр. ХьэтІохъущокъуэр зэхьщІэхэм яхьхьэну ПІащІэртэкъым: зэрыреспалъэ, я гупсысэхэр иреуэзщ, хасэр къзэІутхыу абыхэм зэжраІэнуэхэми мыхьэнэ щхьэпэ хэлъщ...

Къэунымэ-бжьыныжьэм пщІантІэшхуэм щхьэщытт. Лэгъупхэр изт. Лыбжьэр дяпэкІэ хьэзырынт.

И жьакІэ папщІэ цІыкІур зэщІэлъэщІапэуэ Къэсей ефэндыри къэсащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, дыжьын баш цІыкІум зытригъаІэуРэ, ефэндыр пщы уэлийм деж, и унэжьым ещхьу, щІыхьэри:

- Алыхьым и фІыщІэкІэ, зиусхьан, Бахъсэн хасэр зэхьхьащ. Жэмыхьэтыр къыппоплъэ.

... Пщы уэлийр къащцыхьхьэм, хасэм къекІуалІэхэр къэтэджащ. ХьэтІохъущокъуэмри, щхьэгъэщхъ мащІэкІэ псоми фІэхъус ярихри, и тІысыпІэмкІэ дыхьащ. ЦІыхуэхэр зэрызэгъащ, щхьэжь зэдэщысыр къызэкиплъыхьа нэужь:

- КъедгъэблэгъэнА псори кърихьэлІауэ пІэрэ?

Сэбанш бейгуэлым жери:

- Шурдым Жанхъуэт Къущхьэхъуклэ Уафэбгыкъу ІэхъупІэм щыІэщ. Къевгъащ. ХьэтІохъущокъуэр зэплъэкІри, Нэрынэ гуащэр щилъагъэм:

- Зыгуэрым уигъэпІейтейрэт, гуащэ?

- Хьэуэ, зиусхьэн. Укъэтати... иджы сыкъэкІуащ къэсщІэну...

- УкъыззэрысхуэгумащІэр гуапэщ. ТІыс.

- СольаГъу иджы, дотэнэху, хасэм уэзэрыуэхьэзырыр. СыкІуэнщи, уагъэшхэну яжесІэнщ.

- Улсэу, - погуфІыкІ Кургъуокъуэ, - хьэщІэхэм я шэджагъуашхэм уи нэІэ тегъэт, дахэ.

Пщы уэлийр щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри, пщІантІэр къызэхилъыхьащ. Кургъуокъуэ пщы уэлиигъуэ хъыщрата гъэм ияуат мо зэхуэсхьІпІэшхуэр. И щхьэри лъагэу яІэтыжри, екІуу бгъэн иратыжат. А бгъэныщъэ зэхуэсхьІпІэм щІэтт тетІысхьэпІэхэмрэ хьэщІэхэр Іэнэ папщІэу зыбгъэдэсыну пхъэбгъу джафэшхуэхэмрэ. Зэ тІысыгъуэу цІыху щэщІ щІэхуэнущ абы. Ди тІысыхьпІэри мес, жьантІэмкІэ къыдэтщ. Иужьрей илъэс нЫкъым кІуриубыдэу, пщым зыбжанэрэ зэхуэс зэхищакІэт. Нобэрей зэІущІэм къихьэлІэну дэтхэнэ зыми Кургъуокъуэ щхьэж и щхьэкІэ епсэлъылІат, хэт сыт хуэдэ гупсысэ къызыкъуихыными фІыуэ хищІыкІырт, итІани пщым нэхъыфІу къилъытащ псори зэхуимэу, зым и нэгум адрейр щІэпІъэу зэригъэпсэлъэнхэу. «Апхуэдэу тщІымэ, зы унафэ зэдайкІэ дызэгурыІуэнщ. Зэдэуэн ирагъажьэмэ, ягу къзэгъэІыжьыну иужь псалъэр сыт щыгъуи пщы уэлийм зэрыІурыльъуэр. ДызэгурыІуэрэ зы лъагъуэ дунэтІмэ, Іэмалри зэщІагъуу къыщІэтІукІынщи, зауэмэ - зауэщ! Пщы уэлиигъуэр къыщыстрагъэхуам къэбэрдеипщхэм яхэтащ зи нэм бжэгъуу сыщІэуахэр. Апхуэдэхэр иджыпстуи поплъэ сыкъыщІэхуэу, ауан сыкъыщащІыну махуэм. Еууей, си лъэпкъэгъухэ! Къэбэрдейр ХьэтІохъущокъуэм и уней лъахэу зэрыщымытыр дапщэщ къывгурыуэну пІэрэ? Къэбэрдейр пщыми, узэркъми, лъхуЖъуэлІми, унэІутми я зэхуэдэу зздайц. Пэж дыдэм фыхуейуэ щытмэ: Къэбэрдейр зейр зи бжьыгъэкІэ нэхъыбэу бэгъуа лъхуЖъуэлІхэрщ! НтІэ, нтІэ. Пщыхэми узэркъэми я Іыхьэу мащІэщ ми лъахэм илъыр. ЛъхуЖъуэлІ лъапсэщ Къэбэрдейр...»

ХьэтІохъущокъуэр а гупсысэм щентІэІум, унэ лъэгу джафэм щылъпэпэрэпа нэхъей, зэщІэвыЖыкІыжащ: «ЖьпІэр сыт, пщы уэлий? Шы мыГъасэм ещхьу, иджыпстуи ущІэерыщыр сыт и щхьэусыгъуэ? Пэжщ, пщыхэмрэ узэркъэмрэ мащІэщ, лъхуЖъуэлІхэр куэд мэхъу. ИтІани, апхуэдэ гупсысэхэр уи жьэм къеКІуэ хъунукъым! ЛъхуЖъуэлІхэм армырами гужьгъэжьышхуэ ящІыгъуу. ЖьпІэ зэрахьэ. А уэ жьпІэр яІуРыщыкъэ закъуэмэ, уи гущІыІу къиХьэн хьэзыру, лъхуЖъуэлІхэм Іэжьэкъур иджыпстуи ирач. Сыт щхьэкІэ? Нобэ хуэдэ зы махуэкъэ лъхуЖъуэлІхэм бэкІэ дазэрыщыгугъыр щедгъэщІэн хуейр? Псалъэ гуапэм лІыгъэнсэр еуэзщІри, цІыху гупсысэхэр нэхъыфІым хуегъэуш. Ди адзэкъэм къытхуагъэна щІым Іуэхур иджы нэсащи, е хамэ зэрыпхъуакІуэм ар худэтчыхьи, е, адыгэ щІыхьыр ди гъуаззу, щІыр адэкІэ къытщІэхъэнуэхэм яхуэтхъумэн. Аращ, ХьэтІохъущокъуэ! А гупсысэр іэпкъым дэж нэпхъэсыну иджы уи къалэнщ».

... Пэшым аргуэру къыщІыхьэжащ Нэрынэ гуащэр. Зи ныбжькІэ мыщІалэж а бзыпхъугъэр иджыри зэрыдахэт. И плІэр задэу иІыгъуу, гуащэм къихьырт хьэлыуэ хуабэрэ фоупс фалъэрэ зытет Іэнэр.

- Уи щхьэкІэ Іэнэр къыхсуфохьри... зыгуэр зыдзбгъэІэпІыкъуркъэ, дахэ? - поГуфІыкІ Кургъуокъуэ.

- Пщы уэлиигъэр хьэхуу, гуащэ, - гушыІэ щІыкІэу мэдыхьэшх ХьэтІохъущокъуэр.

- СэркІэ ар пІалъэншэщ. Сыпсэууэ дунейм сыщыІэху, сэркІэ уэ зыращ си пщы уэлийр.

- Тхъэм и нэфІ къыпщІыхэ, - гуащэм и жьІэр гуапэ зэрыщыхьуар хэІущІыну имыщІу, и пащІэкІэ щІогуфыкІ пщыр: - Уи ерыскъыр Іэфщ.

КуэбжьмкІэ ЗыщІыпІ макъ къыщІиукІым, Кургъуокъуэ маплъэри:

- Зэхуос хасэри, - жиІэурэ щхьэгъуэбжэм бгъэдохьэ.

ПщІантІэм къыдыхьэрт ЦІыпІынэ Хьэсанщрэ Ашабэ Миншакърэ. Абыхэм я ужь ити къакІуэхэрт Елэн, Къэбард, Мэрем. НэгъуэщІ шухэри абыхэм къакІэпхыІуэрт. ЩІэкІыжьыну тэджа гуащэм зыхуиГъазэурэ пщым:

- Сигу хупех Джэрыджэ Мэрем. Кърымым къришьжа и пщащэр щхьэгъуэсэу кІышэну и нэ кІиКІми, я хьэгъуэлІыгъуэр иджыри благъэкъым... Налмэс и адэ-анэм яхуощІыгъуэ.

- Ара мыгъуэщ, Кургъуокъуэ, - нэщхьейуэ кІыпедзыж Нэрынэ гуащэм. - Налмэс Алыхьым и фІыщІэкІэ узынщэ цІыкІуу кІиГъэззэкат, къзгъаззэ зимыІэнур и адэ-анэ тхьэмыщкІэрщ. Сурэт и насып нэхъ гъунэгъущ: Нэкъаррэ абыхэм я хьэгъуэлІыгъуэр дяпэкІэ къобгъагъэ.

- Алыхьым абыхэми я гъуэгу къахуэзпищэ, дэри Алыхьым дыкъыихуэмэ.

ХьэщІэхэр пщІантІэм къыщыплъэрэ пэт, пщым и пэшым гуащэм зыщІиІэжьэну къеззгъыртэкъым. ЛІы Іуэхум зэрызэмыІэбзэр псоми хьэкъыу яригъэлъагъуу, Нэрынэ пІащІэу пэшым щІокІыжь.

Гуащэм и шыпхъэр къуэкІэр бжэбгъыпкъым щхьэщыщхьэгъуэрыпхъэфыжьым пщыр дыпыгуфыкІыІуэрэ кІэпъоплъри: «Сыт хуэдэ къару кърымхэм къыптамыгъэувами, датемыкІуэу хьунукъым!»

ХьэщІэхэр иджы зэпымыууэ къекІуалІэрт. ШыфІэдзапІэхэм шыхэр нэхъри щІыбт. ПщІантІэшхуэм дзэт лІы уэрщэрыр. ХьэтІохъущокъуэр зэхьщІэхэм яхьхьэну ПІащІэртэкъым: зэрыреспалъэ, я гупсысэхэр иреуэзщ, хасэр къзэІутхыу абыхэм зэжраІэнуэхэми мыхьэнэ щхьэпэ хэлъщ...

Къэунымэ-бжьыныжьэм пщІантІэшхуэм щхьэщытт. Лэгъупхэр изт. Лыбжьэр дяпэкІэ хьэзырынт.

И жьакІэ папщІэ цІыкІур зэщІэлъэщІапэуэ Къэсей ефэндыри къэсащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, дыжьын баш цІыкІум зытригъаІэуРэ, ефэндыр пщы уэлийм деж, и унэжьым ещхьу, щІыхьэри:

- Алыхьым и фІыщІэкІэ, зиусхьан, Бахъсэн хасэр зэхьхьащ. Жэмыхьэтыр къыппоплъэ.

... Пщы уэлийр къащцыхьхьэм, хасэм къекІуалІэхэр къэтэджащ. ХьэтІохъущокъуэмри, щхьэгъэщхъ мащІэкІэ псоми фІэхъус ярихри, и тІысыпІэмкІэ дыхьащ. ЦІыхуэхэр зэрызэгъащ, щхьэжь зэдэщысыр къызэкиплъыхьа нэужь:

- КъедгъэблэгъэнА псори кърихьэлІауэ пІэрэ?

Сэбанш бейгуэлым жери:

- Шурдым Жанхъуэт Къущхьэхъуклэ Уафэбгыкъу ІэхъупІэм щыІэщ. Къевгъащ. ХьэтІохъущокъуэр зэплъэкІри, Нэрынэ гуащэр щилъагъэм:

- Зыгуэрым уигъэпІейтейрэт, гуащэ?

- Хьэуэ, зиусхьэн. Укъэтати... иджы сыкъэкІуащ къэсщІэну...

- УкъыззэрысхуэгумащІэр гуапэщ. ТІыс.

- СольаГъу иджы, дотэнэху, хасэм уэзэрыуэхьэзырыр. СыкІуэнщи, уагъэшхэну яжесІэнщ.

- Улсэу, - погуфІыкІ Кургъуокъуэ, - хьэщІэхэм я шэджагъуашхэм уи нэІэ тегъэт, дахэ.

Пщы уэлийр щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри, пщІантІэр къызэхилъыхьащ. Кургъуокъуэ пщы уэлиигъуэ хъыщрата гъэм ияуат мо зэхуэсхьІпІэшхуэм щІэтт тетІысхьэпІэхэмрэ хьэщІэхэр Іэнэ папщІэу зыбгъэдэсыну пхъэбгъу джафэшхуэхэмрэ. Зэ тІысыгъуэу цІыху щэщІ щІэхуэнущ абы. Ди тІысыхьпІэри мес, жьантІэмкІэ къыдэтщ. ИужьрейилъэснЫкъым кІуриубыдэу, пщым зыбжанэрэ зэхуэс зэхищакІэт. Нобэрей зэІущІэм къихьэлІэну дэтхэнэ зыми Кургъуокъуэ щхьэж и щхьэкІэ епсэлъылІат, хэт сыт хуэдэ гупсысэ къызыкъуихыными фІыуэ хищІыкІырт, итІани пщым нэхъыфІу къилъытащ псори зэхуимэу, зым и нэгум адрейр щІэпІъэу зэригъэпсэлъэнхэу. «Апхуэдэу тщІымэ, зы унафэ зэдайкІэ дызэгурыІуэнщ. Зэдэуэн ирагъажьэмэ, ягу къзэгъэІыжьыну иужь псалъэр сыт щыгъуи пщы уэлийм зэрыІурыльъуэр. ДызэгурыІуэрэ зы лъагъуэ дунэтІмэ, Іэмалри зэщІагъуу къыщІэтІукІынщи, зауэмэ - зауэщ! Пщы уэлиигъуэр къыщыстрагъэхуам къэбэрдеипщхэм яхэтащ зи нэм бжэгъуу сыщІэуахэр. Апхуэдэхэр иджыпстуи поплъэ сыкъыщІэхуэу, ауан сыкъыщащІыну махуэм. Еууей, си лъэпкъэгъухэ! Къэбэрдейр ХьэтІохъущокъуэм и уней лъахэу зэрыщымытыр дапщэщ къывгурыІуэну пІэрэ? Къэбэрдейр пщыми, узэркъми, лъхуЖъуэлІми, унэІутми я зэхуэдэу зздайц. Пэж дыдэм фыхуейуэ щытмэ: Къэбэрдейр зейр зи бжьыгъэкІэ нэхъыбэу бэгъуа лъхуЖъуэлІхэрщ! НтІэ, нтІэ. Пщыхэми узэркъэми я Іыхьэу мащІэщ ми лъахэм илъыр. ЛъхуЖъуэлІ лъапсэщ Къэбэрдейр...»

ХьэтІохъущокъуэр а гупсысэм щентІэІум, унэ лъэгу джафэм щылъпэпэрэпа нэхъей, зэщІэвыЖыкІыжащ: «ЖьпІэр сыт, пщы уэлий? Шы мыГъасэм ещхьу, иджыпстуи ущІэерыщыр сыт и щхьэусыгъуэ? Пэжщ, пщыхэмрэ узэркъэмрэ мащІэщ, лъхуЖъуэлІхэр куэд мэхъу. ИтІани, апхуэдэ гупсысэхэр уи жьэм къеКІуэ хъунукъым! ЛъхуЖъуэлІхэм армырами гужьгъэжьышхуэ ящІыгъуу. ЖьпІэ зэрахьэ. А уэ жьпІэр яІуРыщыкъэ закъуэмэ, уи гущІыІу къиХьэн хьэзыру, лъхуЖъуэлІхэм Іэжьэкъур иджыпстуи ирач. Сыт щхьэкІэ? Нобэ хуэдэ зы махуэкъэ лъхуЖъуэлІхэм бэкІэ дазэрыщыгугъыр щедгъэщІэн хуейр?

**Мэшбащ1э Исхьэкъ илъэс 60 щрикъу махуэм Мейкъуапэ абы екъуэхъуну еблэгъащ Зумакулов Борис**. *1990 гъэ*

Хьэлъэм и хьэлъэр зытеІэнур Къэбэрдейрщ. Зауэм зыхуэгъэхьэзырын: Іэщэкіэ, цІыхуэкІэ, гъэумылэкІэ. Къуршэм зыщыгъэбыдэн, ГъэтІылъыгъэхэр зыри зыщымыІыгъуэз къурш жьэгъуэхэм щыззэхъэсын. Зауэм цІыху зэхэгъэжи ныбэ Іупэфлэгъуи ищІэркъым. Іэщэрэ гъэумылэрэ - аращ иджыпсту нэхъыщхьэр. Зауэм зэхигъэжыркъым, арщхьэкІэ цІыхуэм, лъэпкъым зэхеГъэж псори: пщы уэлиигъуэр Кургъуокъуэ къыхуэзыгъэфэща лъэпкъыр иджы зыщыгугъыр ХьэтІохъущокъуэрщ, нэгъуэщІкъым. Пщы уэлийм и закъуэщ иджы жэуапу щыІэр зыхьынур! Пэмыпъэщрэ - къыхущІэджэжэу, къыхуэпсэлъэжурэ нэгъуэщІ хахынщи, езыр ауан хъуауэ тхьидэм къыхэнэнщ. А тхьидэр езыр зищІысыр сыт? Кургъуокъуэ шхуэмылакІэр евэщІри зеплъыхь, мэгупсысэ: - «Зым тхьидэу къиІьытэр адрейм фІэауанщ. Ещанэр - зэплъэкІыну зэи хущІыхьэркъым, къэкІуэнум зэи егупсысркъым. Нобэрей махуэмкІэ мэпсэу ар... И ныбэ и гурыфІыгъуэщ, и щхьэ и и къулейр насыпт джэшу къелЫытэ. Дуней къэхъуькъащІэхэм ещхьу мэпсэу: дигъэр къопс, пшагъэр къытохьэ, е къешщ, е къесщ...»

Иджыпсту ХьэтІохъущокъуэ пщыр Тамбиикъуэ щхьэщыхьэжаж, зи лъапэм жьигъэр гуэрэну щыкІ бгым Іуоплъэ. Уафэбгыкъу и щІыбагъэм дыгъэр хьэщэтрэ пэт, езым кІыфІ фІыщІафэу уІуоплъэ. Ар лъагэу къыщхьэщытщ Іэщхьэр щыхъыкІэ хъуПІэщхуэм. Уафэ нэзым щІагъэлъэдаг бгыкъу абрагъуэу зыкъыщхьэщехьэ къущхьэхъущІым.

«Апхуэдизу ущІэнэщхьэдзэр сыт? Хэт къищІат уи гуаУэ?» - и гупэр къыхигъэзаУэ абы къыІуплъэ хуэдэщ Іуащхьэжи я махуэ нэхутхьэкур. Арщхь

УФ-м и Президент Путин Владимир Дыгулыбгъуей къыщыкІуам. *2001 гъэ*

ЗекІуэрей Николай.

# Куэдым я гъэсакІуэ ЗекІуэрей Николай

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къищынэмыщІауэ, ди къэралым и щыпІэ куэдым фІыуэ къыщащІыху алыдж-урым, бэнэкІэ хуит, лъэпкъ бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэмкІэ спортым и мастер, СССР-мрэ УФ-мрэ щІыхь зиІэ я тренер, «Щ1ыхьым и Дамыгъэ» орденыр зезыхьэ ЗекІуэрей Николай. Абы и гъащІэр фІыуэ илъагъу ІэщІагъэм тІыхь хуищІащ.**

1938 ГЪЭМ щІышылэм (январым) и 26-м Дыгулыбгъуей кІуажэм щІапсэу ЗекІуэрей Дин и унагъуэм етІуанэ щІалэм къралъхуащ. Ар хуабжьу пІащэт - килограмм 5-рэ грамм 900-рэ хъууэ дунейм кьытехьащ. А Іэуху хьэлъэр тэмэму зэфІэзыгъэкІа урыс акушер цІыхубзыр сабийм и анэм ельэІуащ цІэр фІригъэщІыну. Абы и жагъуэ пщІы хъунутэкъым. Арати, дунейм кьытехьа цІыкІум Николай цІэр фІащащ.

Адрейхэми хуэдэу, гугъу ехьу къэхъуащ бланэ тепльэ иІэу къалъхуа щІалэ цІыкІур. Николай и сабиигъуэр зауэ, зауэ ныжь лъэхьэнэ хъэльэхэм хиубыдащ. Хэку зауэшхэр кьызэрыхьейрэ куэд дэмыкІыу кьыІэрагъэпэща 115-нэ шу дивизэм хэту и адэр бийм пэщІэтащ, фашизмэм и лъапсэм псы изыгъэжьыхьыжахэм яхэтащ.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр зэпыу имыІэу езыхьэкІ я анэхэм я гъусэу гъащІэм ипсыхьа, пасэу балигъ ищІахэм ящыщщ ЗекІуэрей Николай. Нэхъ къэжэпхъа иужькІэ унагъуэм зэрыльэкІкІэ защигъэкъуащ. Махуэкъэс лэжьыгъэм къыщыдэхуэжкІэ сабий джэгум яхьыхьэр: кьыІэздэжэхэрт, кьыІэрехуэкІхэрт, зэрыфыщІхэрт. ЩІалэ цІыкІухэм хуабжьу яфІэфІт я къарур здынэсыр зэхаГъэкІын. Уеблэмэ балигъхэм ахэр щІэх-щІэхыурэ зэрагъэбэныр, текІуахэр яГъэгушхуэрэ хагъэщІахэр яущийуэ. Апхуэдэхэм и деж нэхъыбэрэ утыку кьрашэхэм ящыщт Іэпкъльэпкъ зэІэщІэлъ, хэщІыхьа зиІэ ЗекІуэрейхэ я щІалэр. Ар нэхъ яГъэпажэхэм яхэхуэу зэпытт.

Курыт еджапІэр хъарзынэу кьиуха иужькІэ Николай и насыпыр кьиІуныхьуэну ЕшэбэрдейМ икІащ. Псоми кьащыщІидзар Украинэм и Донбасс щІынальэращ. Донецк кьалэм щыІэ, ФІамыщІ промышленностым и бгыстехникэ училищэм и студент ЗекІуэрей Николай 1957 гъэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ зигъэзэн щІидзащ. Сыхьэт бжьыгъэкІэ щІы щІагъым фІамыщІ кьыщыщІихыу щылэжьащ, еша-елІауэ ар студент общежитым кІуэжыр, псы зыдигъэжьхьыр, пІащІэу тренировкэхэм кІуэрт.

Іэпкъльэпкъ екІуэр къару лъэщкІэ Тхьэр зыхуэупса адыгэ щІалэм и зэфІэкІыр зэрыльагэр псынщІэ дыдэу наІуэ хъуащ. Спортым и мастерым и мардэхэр зэрилъэзэщІам тегушхуэныгъэ ин къыхилъхьарэ еджапІэ зэрагъакІуэмкІэ тхьилъ щхьэпэ иІыгъыу мыгувэу ар щІэтІысхьащ Ленинград (иджы Санкт-Петербург) дэт физкультурэ техникумым.

Еджэныгъэм и гуащІэгъуэ дыдэу абы ирашри, дээм ираджащ. Кьэралым и Ищхъэрэ щІыпІэ щІыІэм къулыкъу щищІащ. ЩІэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр икІи бэнэныкмкІэ иІэ екъуІэныгъэхэр кьалъытэри, спорт: ротэм и тренер нэхъыжьу яГъэуващ. А щІыпІэми и зэфІэкІхэр зэрыльагэр кьащигъэлъэгъуащ.

- 1962 гъэм Азербайджаным и кьалащхьэ Баку щекІуэкІырт кьэралым и ПВО-м и Спартакиадэ. Ди спорт ротэм и командэ кІыхьэхам абы ещанэ ІэмдЭ сабий-ныбжьыщІэ спорт школым, бэнэкІэ хуитыкІэ тренер нэхъыщхьэегъэджакІуэу. ИужькІэ и унафэщІ хъуащ а кьалэм Олимп резервхэр щагъэхьэзэыр сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэхам.

Спортыр - псом япэрауэ, жыІэдэІуагъэщ. Тренерым и псальэмрэ жыІэмрэ тет, зыгъэсэныгъэхэм деж зыщымысхьыж цІыхуращ ІыгаГпІэ инхэм нэсыфынур. Тренерым и Іэзагъыр кьызэральытэр спортсменыр зэриунэтІыфырщ, ар зэхьэзэхуэхэм хуэфащэу зэрыхуигъэхьэзырыфырщ, а махуэ хэхам, дахьи-къэхэм и зэфІэкІ псори кьызыкъуихыфыр хуищІащ.

Илъэс хыщІым щІигъуІэ тренер ІэнатІэ мытынышм пэрыта ЗекІуэрей Николай и гъэсэн щІэрыуэхэр щэ бжьыгъэм къыщыззтеувыІэркъым. Олимп джэгухэм, дунейм, Европэм, СССР-м, УФ-м, КъБР-м щеІэкІа зэхьэзэхуэхэм япэещанэ увыпІэхэр къыщахьурэ къыщыхэжаныкІащ ар зыдзэкъэжьа щІалэ 483-рэ! ЗекІуэрей Николай игъэсащ СССР-м и чемпиону 8, Урысей Федерацэм и чемпионрэ саугъэт замыпІэжьыгъуэхэр зыІэрызыгъэхьауэ 30-м щІигъу. А бжьыгъэ гъущхэм я щІыбагъ кьыдэтщ махуэкъэс псэемыблэж лэжьыгъэ хьэлъэхэр.

Тренер ІэнатІэм зэрыпэрытрэ ЗекІуэрейм игъэхьэзыращ Совет Союзым-рэ Урысей Федерацэмрэ спортымкІэ я мастеру 42-рэ. Яхэтщ абыхэм спортым щІыхь зиІэ и мастерхэр, дунейпсо класс зиІэ мастерхэр. Николай зэрыгушхуэхэм яхебжэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хьхьэ Чикагэ кьалэм 1983 гъэм адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу бэнэкІэ хуитымкІэ дунейм псом щынэхъ пІэщІ хъуа къэбэрдей щІалэ Аюб Руслан. Совет Союзым и чемпионатым къыщыхэжаныкІахэщ Къущхьэ Сэрэждин, Кхъуэлуфэ Мусэ, Сэбаншы Владимир, Джэрыджэ Альберт, Хэжь Заур, Маликов Руслан, Кьанщауэ Герман сымэ, нэгъуэщІ куэдми.

И гъэсэнхэр и гъусэу ар щыІащ Совет Союзым и кьалэ куэдым, США-м, Канадэм, Италием, Тыркум, Польшэм, Чехословакием, Венгрием, Югославием, Болгариеи, Румынием, Финляндиеи, нэгъуэщІхэми. ИльэсгъуащІ щыІэу дунейри кьэралри, ауэ щалъхуа икІи и гъащІэм и фІыпІэр щигъэкІуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхуигъэдэн кьаХэкІакъым.

И унэм къыщызэригъэпэща музейр Николай зэрыгушхуэу игъэльагъуэхэм ящыщщ. Абы щыІэхэужьсэащ и гъащІэр тІыхь зыхуищІа спорт бэнэкІэм къыщигъэсэбэпа хьэпшыпхэр, къыщихьа дамыгъэ лъапІэхэр, сурэт гъащІэгъуэнхэр, нэгъуэщІ куэди.

БэнакІуэ, тренер ІэнатІэ мытынышм ильэс хыщІым щигъакІэ пэрытауэ ЗекІуэрей Николай иджыблагъэ гъенэсм тІысащ. АрщхьакІэ, и ныбжьым емылъытауэ, жыджэрагъ инрэ акъыл жанрэ зыбгъэдэлъ тхьэмадэр Іэхъунщэу щысысфкъым. Бахъсэн кьалэм и ветеранхэм ядэщІыгъуу абы адыгэ уэрэдыкьхэр зэхуэс зэмылІэужьыгъуэхэм щегъэзащІэ, ди япэ итахэм я лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щІэблэр щымыІакІыу, къеДаІуэхэм дэрэжэгъуэ яритУ. Тхьэм кьыхуэзэпищэ!

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

Тренер нэхъыжь ЗекІуэрей Николай и гъэсэн ныбжьыщІэхэр. *Донецк. 1974 гъэ*

# Тыкуэнхэр къапщытэ

● Бахъсэн щІыналъэ

**Бахъсэн щІыналъэ администрацэм, «Роспотребнадзор»-м, волонтёрхэм къапщытащ щІыпІэм щылажьэ тыкуэнхэр санитар жыпхъэхэм зэрытетыр.**

АХЭР щыІащ Ислъэмей, ХьэтІохъущыкъуей, Зеикъуэ къуажэхэм дэт тыкуэнышхуэхэм.

Абыхэм антисептикэр кьызэрыщагъэсэбэпым, нэкІуІупхъуэкр щэхуакІуэхэм зэраІуІыным щыкІэлъыплъащ.

«Дэ дызыкІэлъыплъыр тыкуэнтетхэм я лэжьыгъэм и закъуэкъым, атІэ щэхуакІуэхэм коронавирус уз зэрыщІалэр къапкърымыхьэн папщІэ Іэмалхэр кьызэгъэпэщащэ щытыным дыхущІокъу. Иджыпсту кьагъэува жыпхъэхэм дытетын хуейщ, псом хуэмыдэу нэкІуІупхъуэ пІымылъу тыкуэнхэм, цІыху куэд щызэхуэсхэм ущІыхьэ хъунукъым», - жиІащ Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ ПщыхІ Мухьэрбий.

ІэщІагъэлІхэм кьызэралъытэмкІэ, сату щІыпІэхэм я нэхъыбэр кьыхуагъэув жыпхъэм тету мэлажьэ.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**

# Жьындуужь

● Таурыхъ

ЗЫ ЩІАЛЭ гуэр псэут, мы дунейм къуалэбзууэ тетым я бзэр кьыгурыІуэу. А щІалэм и фызым кІыпІэ игъэгуну трикІутат. КІытэм бзуэр бгъэдэтІысхьауэ ящыпырти, бзууэр къэпсалъэри:

- Зыр жьэдэвдзи тІур ефтхъух, - жиІащ.

Ар щІалэм зэхищІыкІри, дыхьэшхащ. Щыдыхьэшхым, и фызыр къэгубжьащ:

- Сыт щхьэкІэ укъысщыдыхьэшха? - жиІэри.

- Уэ сыпщыдыхьэшхакъым, сэ сыщІэщыхьэшхар мо бзууэхэм жиІар аращ! - щыжиІэм, фызыр къэпсэльащ:

- Иджыпсту къуалэбзууэ щыІэм я цІыпэ зырыз кьыскухэпчу щхьэнтэ сымыщІмэ, сыІэнущ!

ЩІалэр къэгузавэри, кьыззхуигъэсащ дамэ зытету щыІэр. Жьындуужьыр зыкъомкІэ къакІэрыхуауэ кьыщысым, щІалэр еупщІащ:

- Сыт аІандэрэ укъыщІэмыкІуар? - щІэупщІащ.

- Фызыр нэхъыбэт.

- Ар дауэ хъун? - жиІэу щІалэм щимыдэм, жьындур кьэпсалъэри:

- Ари зи фыз едаІуэ псори бзылъхугъэхэм яхэзбжауэ арат, - щыжиІэм, щІалэр зыщІэгупсысыжри, зыци кьыхимычу иутІыщыжащ.

Ауэ щыхъум, кьуалэбзууэ щыІэм я цым щыщ кьыхеэзымыгъэча жьындур губгъуІащІэу кьалъытэри, и лъакъуэр ятхьэщІыну унафэ ящІауэ дамэ зытет псоми ятхьэщІырти, зыгуэр къэпсалъэри жиІащ:

- Мы жьындум и лъагур сыту щабэ.

НэгъуэщІ зыгуэри къэпсалъэри:

- И лъагум хуэдэу игури щабэщ абы! - щыжиІэм, жьындур шынэри пабжьэм хэтІысхьэжащ. Аращ жэщу ф1экІа махуэу ар дунейм кьыщытемыхьэри.

**ГЪУКІАКЪУЭ Идар.**

● Нэщэнэхэр

# Дыгъум и щхьэр мэуназэ

**♦Джэдынэ зышхыр мастэнэкІэ Іэзэ мэхъу, жаІэ.**
**♦Дзэлыр пхъащхьэм хэплъхьэну фІыкъым, жаІэ.**
**♦Ежьам кІэлъыдэжэркъым, кІэлъыгъыркъым, ар мыфІу кьалъытэ.**
**♦Шур гъуэгу техьа кьудейуэ и шыр пырхьамэ, кьиІгъэзэжырт, гъуэгур кьемыхьуІэну кьиІльытэрти.**
**♦Ерыскъы зытелъ Іэнэм я щІыб хуагъазэу тІыс хабзэкъым, фІыкъым жаІэ.**
**♦Ерыскъым уелъэпэуэну фІыкъым, зэ нэхъ мыхъуми уемыдзакъэмэ, упэІудджэжынущ жаІэ.**
**♦ЗэщІыпІэ ІуэхукІэ уежьауэ кьэбгъэзэж хьунукъым - уэдэкІуэр кьомыхьуІпІэну кьалъытэ.**
**♦Зыгуэр зыфІадыгъуам кхъуэнэ игъэкІэрахъуэмэ, дыгъум и щхьэр уназэу кьалъытэ.**
**♦Зыгуэр зыфІадыгъуам вабдзэжькІэ хьэ игъэпІэнкІмэ, дыгър щхьэуназэ хъууэ ябж.**
**♦Зыгуэр ишхыну ептарэ игъапсчэмэ, хьэлэл хуумыщІауэ жаІэ.**
**♦Зыгуэр щыпсалъэм деж нэгъуэщІ зыгуэр къепсамэ, жиІэр пэжу кьалъытэ.**

АСЛЪЭН и анэ Іэминат жьыуэ джэдхэр кьыщІигъэкІри, щыкъун яритащ. А джэдхэм зы адакъэжь яхэтт. Адакъэжьыр, джэдхэм я хъуреягъыр кьиуфэрэзэныхьурэ, и макъ кьызэрихьклІэ Іуэрт. А Іуэ макъым Асльэн игъэжёртэкъым. Щымыхъужьым щІэда цІыкІур кьэтэджащ. ЩІэжІщ, Пхъэкъутапіэмкіэ кІуэри, зы баш кІэмщхьэмыжьыфІ кьищтащ. Кьищтэри, адакъэжьыр ирихужьащ. Адакъэри бзаджэжь гуэрти, Асльэн зытригъэгушхуащэртэкъым. ЗыкъригъэзэкІыуре кьыжьэхэлъэрт. Апхуэдэ зэ кьыжьэхэлъэгъуэм адакъэ пІэзбжьанэ папщІэкъм Асльэн и нэкІур фІыуэ кьратхьыхащ. ЩІалэ цІыкІум башыр хьэфІидзэри, гъуэгъуу пщэфІапІэм щІэлъэдащ:

- Мамэ! Мамэ!

- Сыт къэхъуар, си нэху цІыкІу?! - кьэгуэзващ анэр.

- ЗыстхьэщІыну сыщІэкІати, адакъэжьыр къалъэри, си нэкІур кьритхьыхащ, - Асльэн езыр япэ адакъэм зэрыщІыхьар кьыхигъэщакъым.

- Умыгъ, си щІалэ. Уи адэр кьыдыхьэжмэ, сэ а адакъэм хуэфІыр иреззгъэщІэнщ, - и кьуэр игъэунэдэІужурэ, Іэминат щІалэм и напэр хуитхьэщІыжащ.

ШэджагъуэхуеГъэзэкІыу Асльэн и адэ Хьэсэн кьыдыхьэжкащ. Анэр адэм хуэтхьэусыхащ икІи лажьэ зимыІэ адакъэр фІригъэгъэжащ.

Адакъэр фІагъэжауэ щилъагъуам, Асльэн щІыкІу пщІы зэриупсам хущІегъуэжат, ауэ сыт и Іэмалыжт?!

Асльэнхэ я гъунэгъу Лидэ псори кьызэрекІуэкІар ильэгъуауэ кьыщІэкІащ. Адакъэр щыфІагъэжым, хуэдэжэбз щІыкІум, хуэмышэчыжу, Іуэхум и пэжыпІэр Хьэсэн хуиІуэтэжащ.

Адэр пщэфІапІэм щІыхьэжщ, и кьуэр кьрижджэри игъэтІысащ:

- Асльэн, иджы пэжыр кьызжеІэт. Сыт адакъэм уи нэкІур кьэщІритхьар?

Адэм и нэщхьэ зэрызэхэуфар щилъагъуам, Асльэн кьыгурыІуащ и пцІыр кьызэрыщІэщар икІи и пэжыпІэр кьиІуэтэжащ.

Тезырыщхуэ кьэблэжьащ, Асльэн, а тезыр-ри птесльхьэн си гугъащ. Ауэ уэ езым зытеплъхьэжащ ар: пцІы зэрыбупсар уигу кьэкІыжьыху, уи напэм утеуКІытыхьыжынущи, абы нэхъ тезырышхуэ сэ кьысхузэгупсысынукъым.

**АБЫТІЭ Іэсият.**
*Зеикъуэ къуажэ.*

● Псалъэ шэрыуэхэр

# Зи бзэр зымыджыр уи бынкъым

* * *

**Бзэм урипсалъэхуэ щІыбольыкІ,**
**Зэхуэпкъусыхуэ нэхъыби къокІ.**

* * *

**Сыт хуэдэ псалъэжьр**
**си адэжь и псэукІэщ,**
**Си Хэкужь и хъыбарщ.**

* * *

**Зи бзэр зымыджыр уи бынкъым,**
**Иримыпсалъэр уи лъэпкъэгуькъым.**

* * *

**Уи бзэкІэ пхуэмыІуатэ гупсысэр**
**Іэпэтэрмэшкlэ къыбжаІэ псысэщ.**

* * *

**Уи бзэ уимыІэжмэ, адыгэ жьэгуи удэсыжкъым,**
**Уи бзэр уимыІэжмэ, адыгэ нани плъагъужкъым.**

**ДЖЭДГЪЭФ Хъусен.**
*ХьэтІохъущыкъуей къуажэ*

# Сыт адыгэ хъыбарым и гъуэгугъэлъагъуэр?

**Зэгуэрым адыгэхэр зэдэуэжырт, хабзэм кьикІымрэ и мыхьэнэмкІэ зэгурымІуэу. Лъэпкъыр а зэдауэм игъэпІейтеящ. Дауи имыгъэпІейтеинрэт: адыгэм и гъащІэм хабзэм увыпІэшхуэ дыдэ щІыбгът.**

АРАТИ, зэхуэсышхуэ ящІри, а Іуэхум тепсэлъэхьащ икІи зэгурыІуащ цІыху плЫщІ кьыхахьу лъэпкъыр арэзы зытехьэн хабзэ кьагупсысыну.

ЦІыху плЫщІр мэзым и курыкупсэм хагъэтІысхьащ, псэуалъэ щыхуащІщ, зыхуеину псомкІи кьызэрагъэпэщри. Быдэуи жраІащ зы гупсисэ гуэрым кьытемыувыІаэ мэзым кьыхэкІ зэрамыІэнур.

Махуэ плІыщІ дэкІри, мэзым лІыкІуэхэр ягъэкІуащ, Іуэхур зытетыр зрагъэщІэну. Мыдрейхэри а зэманым кьриубыдэу фІыуэ зэчэнджэщат, зэдэуат икІи зым траубыдакІэт. ЛІыкІуэхэр кьащеупщІым жраІащ:

- Дахэр - хабзэщ.

Ар псоми яфІэкъабыл, ябІэтэрэз хъуащ икІи нобэр къэздасым а псалъэ купщІафІэхэр адыгэ хабзэм и гъэзугъэльагъэуэ кьэнащ. Араш ар щІэдахэри, щІэгъуэзэджэри, куэдым щІафІэкъабылри.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

## Си жыпым илъщ

**Анэм**: Сыт Іей, си щІалэ цІыкІу, афІэкІа умызэуэну дызэгурыІуатэхъэ? Мис аргуэру дзитІ хэплъхьащ зауэ-банэм.

**Тыкъэ**: Хьэуэ, мамэ, хэслъхьакъым, ахэр си жыпым илъщ.

## Дауэ къищІэрэ?

**Егъэджакіуэм**: ЩІыІубым махуэм езым и хьэлъагъым хуэдиз еших.

**Тыкъэ**: А щІыІубым и хьэлъагъыр зэрыхъур дауэ къищІэрэ?

## Иджы узыжыркъэ?

**Егъэджакіуэм**: Тыкъэ, сыт дыгъуасэ школым укъыщІэжыкІуар?

## ТІыкъэ мэгушыІэ

**ТІыкъэ**: Си дзэр узырти...

**Егъэджакіуэм**: Иджы узыжыркъэ?

**ТІыкъэ**: СщІэркъым, ар дзэ дохутырым деж кьэзгъэнащ.

## Щхьэцыр щІэтхъур сощІэ

**ТІыкъэ**: Папэ, папэ, уи щхьэцым тхъгъэ хидзащ.

**Адэм**: Щхьэцыр щІэтхъур, си щІалэ цІыкІу, адэанэм я бынхэр кьыщемыдаІуэм деж.

**ТІыкъэ**: Иджы кьызгурыІуащ ди нанэ и щхьэцыр уэсу кьыщІетхъуар!

*Зытхыжар* **ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэдщ.**


**Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ХьэфІыцІэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (зэхуэдэ зыхъ секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

**Езыгъэтхэхэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхэщ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щхьхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхьумэ Іуэхуащ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хьумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыкъуэ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щхьэщэмыщ1 Иэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр П 5894 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1149**